# *Chisimbiso Chechipiri*

Manheru akanaka, shamwari. Ngatisimukei tose kwechinguvana tinamate, kana mungadaro.

2 Baba vedu veKudenga, taungana zvakare muungano ino ine kurevesa, manheru ano, mushumiro yaShe. Uye iMi makavimbisa kuti chero kupi kwatinozosangana pamwe chete, vangava 2 kana 3 vedu, kuti Muchange muri pakati pedu. Uye tinokwanisa kugutsikana kuti Muri pano, nekuti taungana muZita raKe.

3 Zvino tinonamata, Baba, kuti—kuti Mugouya manheru ano zvakare mugotiparurira Chisimbiso Chechipiri ichi. Uye sanya—nyanduri akareva kuti, angada kutarisa seri kwechidzitiro chenguva. Zvino ndicho chishuwo chedu, Ishe, kungo—kungotarisa seri uye toona zviri mberi. Uye tinonamata kuti Gwayana rakabaiwa, riuye pakati pedu zvino rigoparura Chisimbiso, uye—uye rigoChizarura kwatiri, zvinhu zvatinofanirwa kuona.

4 Pane vamwe pano, Ishe, vasati vapinda mukuyanana kukuru uku kuri pana Kristu. Tinonamata kuti, manheru ano, kuti vaite sarudzo iyoyo yeKusingaperi, vagozadzwa neMweya waMwari.

5 Kana paine vanorwara, Baba, tinonamata kuti Muvapodze. Pane mahengechepfu akawanda akaiswa pano andaturika maoko angu paari, murangaridzo ye—yeBhaibheri, yaMutsvene Pauro, pavakatora kubva pamuviri wake mahengechepfu nemaapuroni. Mweya yetsvina ikasiya vanhu, uye vakapodzwa.

6 Tinoona Kuuya kwaShe kuri pedyo. Tinoziva kuti nguva iri kuswedera pedyo. Zvinhu izvi zvadzoka zvakare kuChechi, mushure memakore 1,900.

7 Zvino tinonamata, Baba, kuti Mugotipa zvinhu izvi zvatinokumbira. Simbisai muranda weNyu, uye batsirai varanda veNyu kwese-kwese, Ishe, uye kunyanya isu taungana pano manheru ano, kuti tigokwanisa kugamuchira Shoko. Tinokumbira nemuZita raJesu. Ameni.

8 Zvirokwazvo zvakanaka kudzoka muimba yaShe zvakare manheru ano. Uye ndinoziva vazhinji venyu makamira, ndi—ndine urombo pamusoro pazvo, asi hapasisina chimwezve chinhu chatinogona kuita. Ta—takaita kuti che—chechi ingoita seku . . . yakawedzerwa kusvika patinokwanisa kupinza vamwezve 3 kana 4, 300 kana 400 mukati. Asi mumisangano yakakosha zvenzira iyi, i—inotakura vanhu vakati wandisei.

9 Zvino, oo, ndiri kuva nenguva yakanaka kwazvo, kunamata, nekunzvera zvi—Zvisimbiso izvi. Ndinovimba imi mose muri kuva nayowo, zvakare. [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti]

Ndi—ndine chokwadi kuti muri kuva nayo. Uye kana Zviri kureva zvakanyanya kwamuri sezvaZviri kwandiri, zvirokwazvo zviri . . . muri kuva nenguva yakanaka. Uye ndine . . .

10 Ndoda kuzofonera shamwari yangu yechisikana, mushure meshumiro ino. Uye rino ibhavhadhe rake. Ane makore 12 nhasi, Sarah, mwanasikana wangu. Uye rinotevera racho, zvino, kuswera mangwana, ndinofanirwa kuzofona zvakare, nekuti ibhavhadhe raBecky.

11 Uye zvino, husiku huno, tiri kudzidza Chisimbiso Chechipiri ichi. Uye paZvisimbiso 4 zvekutanga pane vatasvi vemabhiza 4. Zvakare ndinokuudzai, nhasi chimwe chinhu chaitika futi. Uye, ini—ini, chimwe chinhu icho ini . . . ndaenda ndikanotora chinyorwa chekare chandanga ndinacho, chandakataura nezvacho, kare-kare, ndokungogara pasi ipapo. Zvino ndafunga, "Zvinoka, nda—ndakaita zvakanakisisa zvacho zvandakakwanisa." Uye nevanyori vazhinji nezvimwe, uye ndikafunga kuti, "Zvino, ndichaverenga kwechinguva chidiki, uye ndotarisa ndigoona *ichi* ne*chocho*." Uye chinhu chekutanga munoziva, chimwe chinhu chinongoitika, uye chakatosiyana zvachose. Chinongouya chakatosiyana. Ndobva ndatora penzura nekukasika chaiko, ndotanga kunyora pasi nekukasika kwandinogona, iYe achiripo.

12 Oo, chingori chimwe chinhu chaitika ingangoita hafu yeawa yapfuura. Ndanga ndichiudza Hama Wood, tichiuya zasi kuno, maminitsi mashoma apfuura. Chingori chimwe chinhu, munoziva. Munoziva, pane zvinhu zvakawanda zvinoitika, zvausingagone kutaura nezvazvo, munoziva. Asi chingori chimwewo chinhu changoitika changondibatsira zvakanyanya.

13 Ndine shamwari pano pane imwe nzvimbo muchivakwa. Chokwadi, imi mose muri shamwari dzangu. Hama iyi—iyi ndiHama Lee Vayle. Ihama yakakosha, uye mudzidzi chaiye weMagwaro. Chiremba Vayle muBaptisti ane Mweya Mutsvene. Uye ivo vari . . . Handisi kungozvitaura kuvarumbidza, ndiri kuzvitaura nekuti ndinozvitenda. Ndinofunga ndivo mumwe wevadzidzi vane ruzivo rwakanyanya vandinoziva nezvavo, munharaunda dzedu. Uye vakangondinyorera katsamba kadiki pano, uye ndokuitumira mukati umo naBilly. Zvino Billy haana kukwanisa kuitsanangura, kwandiri. Uye ndinofunga . . . Handisati ndaiverenga yese, asi ndakanga ndiri kuzotaura zvavakataura pano. Zvino ndakangoiverenga, Hama Vayle, kana muri pano. Ndakangoiverenga ingaite mwedzi 6 yapfuura.

14 "Handina chokwadi," vakadaro. "Hama Bill, handina chokwadi, asi ndinotenda kuti Polycarp akanga ari mudzidzi waMutsvene Johane." Ndizvozvo. Akanga ari. "Ndinofunga kuti Irenaeus aive mudzidzi wa—waPolycarp." Ndizvozvo, chaizvoizvo. "Irenaeus akati, 'Jesu achadzoka—achadzoka apo

nhengo yekupedzisira yakasanangurwa yeMutumbi waKristu yapinda.'"

15 Aiva Irenaeus uyu, makore angangoita 400 pa. . .mushure mekufa kwaKristu. Akati, "Kana zera iri rekupedzisira rapinda. . ." Zvino, izvozvo zviri mu—muPre-Nicaea Council. Imi machinda vari pano, munoverenga iro—iro. . .vanonzvera Rugwaro, uye nekunzvera iyo. . .Ndinoreva, kunzvera nhoroondo yeBhaibheri, izvi munozviwana mupre-. . .muPre-Nicaea Council. Uye ndinofunga kuti ibhuku rekutanga kana kuti bhuku rechipiri, mu—munozviwana. Saka zvino, akazviona, makore akapfuura, izvo zvaakati, "Pakupedzisira, wekupedzisira—wekupedzisira akasanangurwa, musanangurwa iyeye."

16 Vanhu vanofunga kuti kusanangurwa chinhu chinongova—chinongova chimwe chinhu chakangonyukawo zvino uno. Ini zvangu! Ndiyo imwe yedzidziso dzekare dzatinadzo: kusanangurwa nekudanwa. Saka zvino Irenaeus, zvirokwazvo, vadzidzi chaivo veRugwaro, vakagara vachitenda mukusanangurwa.

17 Saka zvino Irenaeus aive mumwe weva—vatumwa vezera rechechi, sezvatakaona, sekudzidza kwatakaita. Tinotenda. Hongu, zvino, zvese zvaiva zvakavanzika. Zvose zviri pano, ndizvozvo, zvakavanzwa muno chaimo muZvisimbiso izvi, munoona. Uye zviri kuzozarurwa muzuva rekupedzisira. Kuti zvakatanga sei naPauro, na—naIrenaeus, naMartin, nevamwe vakadaro, zvichidzika, uye zvadzika kusvika kuzera rekupedzisira.

18 Uye, zvino, tiri kuvimba zvino kuti Ishe vachatiropafadza mukushingaira kwedu manheru ano. Zvino tanga tiri. . . Chisimbiso Chekutanga, zvirokwazvo ndakafadzwa nacho. Chisimbiso Chekutanga, maropafadzo akaenda pamwe naCho, kwandiri!

19 Uye zvino ha—handisi kuda kukuchengetai kwenguva yakarebesa. Asi, munoona, ndi—ndichange ndichizoenda zvakare zvino, muhusiku hushoma, uye mushure mekunge izvi zvapera. Uye tinofanira kuita sekungoti tambudzikei kwekanguva. Uye ndinoyemura. . .

20 Ndiri kuona Hama Junior Jackson vakamira apo. Ini. . . Uye ndafunga kuti ndaona Hama Ruddell, nguva shoma yapfuura, pano pane imwe nzvimbo. Nehama idzodzo, ndiwo machechi atinowadzana nawo akabva mune ino, nemamwewo. Tinozviyemura zvechokwadi. Uye ndinoona Hama Hooper, ndinotenda, vakamira neche pamadziro apo, vanobva kuUtica, kuchechi yeko. Uye zvirokwazvo tinokoshesa kubatirana kwenyu kwese kwakanaka mune izvi.

21 Zvino, manheru apfuura, sezvatinogara tichifarira, mukudzidzisa pamusoro pe—pamusoro peZvisimbiso,

tinozvidzidzisa nenzira imwe cheteyo yamunoita pama—pama—mazera echechi. Uye patakapedza nezve kudzidzisa zera rechechi, nguva yekupedzisira pandakaadhirowa pano pa—papurupiti, pabhodhi, vangani vanorangarira zvakaitika? Iye akabva adzika chaizvo, ndokuenda kumashure chaiko pamadziro, ari muChiedza, ndokuzvidhirowa, pachaKe, ipapo chaipo pamadziro, pamberi pedu tose. Mutumwa waJehovha akamira pano chaipo pamberi pemazana akati kuti evanhu.

22 Uye zvino Ari—Ari kuita chimwe chinhu chemweya chaicho zvino, zvakare, uye saka tiri kungotarisira zvinhu zvikuru. Hatizivi . . . Unoda kungomirira kutarisira kukuru ikoko—ikoko, handisi kungoziva zvichaitika zvinotevera, munoziva, kungo—kungomirira. Zvino, Mwari vakuru kwazvo kwatiri, uye vanoshamisa zvikuru! TinoVayemura kwazvo!

23 Zvino, ndima 1 ne 2, ndichaDziverenga, kuti ndiite sekupa nheyo zvishoma. Uyezve tichazotora ndima 3 ne 4, paChisimbiso Chechipiri. Uyezve ndima 5 ne 6 ndicho Chisimbiso Chechitatu. Uye 7 ne 8 ndicho . . . Ndima 2 kumutasvi webhiza mumwe nemumwe. Uye zvino ndinoda kuti mutarise kuti machinda aya . . . Pabhiza pfumbu iri, zvichida . . . Herino rouya, richingoramba richishanduka parinonga richidzika.

24 Uyezve Chisimbiso chikuru chiya, chekupedzisira kuti chizarurwe, kana Mwari vachitendera, manheru eSvondo inotevera! Kuti, pazvakaitika, pakangova, nechinhu chimwe chega chakaitika, "rwaive runyararo Kudenga kwehafu yeawa." Mwari vatibatsire.

25 Zvino ndichaverenga ndima 3 zvino.

> Zvino *akati azarura chisimbiso chechipiri,* ndakanzwa *chisikwa chipenyu chechipiri chichiti, Uya* uone.
>
> Zvino kwakabuda *rimwe bhiza* . . . (ndima 4) . . . raiva *dzvuku:* uye *akanga akaritasva akapiwa simba kuti abvise rugare panyika,* . . . *kuti vaurayane* . . . *vaurayane:* uye kwakapihwa kwaari *munondo mukuru.*

26 Zvino, chinhu chisinganzwisisike zvino, apo chi—Chipuka pachakaudza Johane kuti, "Chingouya uone." Uye haana kuona kuti chaive chii. Akangoona mufananidzo. Zvino mufananidzo iwoyo, chikonzero iwo . . . Akati, "Huya, uone," asi akaona mufananidzo, waaizofanira kufananidzira kuchechi, nenzira iyo yavaizoona; kusvikira zvasvika kuzera rekupedzisira, uye ipapo Chisimbiso chichazozarurwa.

27 Zvino, munhu wese anozvinzwisisa zvino, munoona, Zvisimbiso zvinozozarurwa. Uye hamusi kufara here kurarama muzuva rino? Izvozvo, munoona, kwete izvozvo chete, shamwari, asi nguva dzose rangarirai zvino, mangwanani eSvondo yapfuura, apo nyaya yacho yese yaive yakazembera, pahunyoro! Maona? Zviri nyore, zvakaninipa, zvinoitika nenzira yekuti

vanhu vanongoenderera mberi uye vasingatombozivi kuti Zvinoitika.

28 Uye, rangarirai, takatarisisira Kuuya kwaShe, chero nguva. Uye kana isu. . .Ndakaita chimwe chirevo, kuti ini zvichida Kubvutwa kwaizova nenzira imwe cheteyo. Kuchange kwaenda, kwapera, uye pasina kana mumwe achaziva chinhu nezvako. Kuchangouya saizvozvo. Maona? Uye kazhinji. . . Chingodzokera kumashure muBhaibheri uye woona kuti zvinoitika sei saizvozvo. Maona?

29 Kunyangwe chinhu chikuru sekuuya kwaShe Jesu, hapana aiziva kana chinhu nezvazvo. Vakafunga kuti, "Mupengo uya, mumwe munhu." Machechi akati, "Angori mupengereki. Isu. . . Anopenga chaizvo." Vakati, "Munhu anopenga uyu." "Tinoziva kuti iwe unopenga." *Kupenga* zvinoreva "kurasika njere." "Tinoziva kuti une dhimoni, uye rinokupengesa. Zvino woedza kutidzidzisa? Apo, iwe wakazvarwa kunze uko, muhupombwe. Isu. . .Wakazvarwa muhupombwe. Kuedza kudzidzisa varume vakaita sesu, vaprisita, nevamwe vakadaro, temberi?" Maihwee, zvangu ini, kwaiva kuzvidzwa chaiko kwavari.

30 Johane paakauya, aitaurwa nezvake, zvichidzika nemumazera ose, kubva kuna Isaya kusvika kuna Maraki. Aya i1200. . .kana kuti makore 712, aakange aonekwa nevaporofita, achiuya. Munhu wese anga achitarisisira kuti auye, vachizvitarisisira chero nguva. Asi nzira yaakauya nayo, akaparidza nekuita basa rake, ndokuchizoenda muKubwinya.

31 Zvino kunyange vaapostora havana kuzviziva, nekuti vakaMubvunza. Vakati, "Zvino, kana—kana Mwanakomana wemunhu ari kuenda kuJerusarema, zvinhu zvose izvi, kunopiriswa," vakati, "seiko Rugwaro rwuchitaura kuti 'Eria ndiye achatanga kuuya'?"

32 Jesu akati, "Akatouya kare, asi imi hamuna kuzviziva. Uye akaita chaizvo izvo Magwaro akataura kuti aizoita. Uye vakaita kwaari izvo zvakanga zvakangonyorwa." Maona? Uye havana kuzvinzwisisa. Akati, "Akanga ari Johane."

Uye, ndokubva, "Oo!" Munoona, va—vakapepuka, kwazviri. Ivo. . .

33 Uyezve, kunyangwe, pakupedzisira, mushure mezvinhu zvese Iye—Iye akanga aita, uye nezviratidzo zvaAkavaratidza, zvakare akanga atovadana. Akati, "Ndiani wenyu angaNdipomera chivi, kusatenda? Kana ndisina kuita izvo zvakataurwa neGwaro kuti hofisi yaNgu yaizoita kana ndauya panyika, zvino Ndiratidzei paNdakatadza. Maona? Zvino ndicha—ndichakuratidzai zvamunofanirwa kuva, uye ngationei kana muchizvitenda, kana kuti kwete." Maona? Angadai akadzoka akati, "Maifanirwa kutenda maNdiri paNdakauya." Havana kuzviita, munoona, saka vaiziva zviri nani pane kuzvisunganidza paAri, pane izvozvo. Asi Iye akati, "Ndiani

wenyu angaNdipomera mhosva yekusatenda? Maona? Handina kuita chaizvo zvazviri here?"

34 Uye kunyange vaapostora, vachipfuurira mberi, vakagumburwa. Tinoziva mafambiro anoita Magwaro. Zvino pakupedzisira, kumagumo, vakati, "Zvino tinotenda. Tinotenda kuti hapana munhu anofanira kuKuudzai, nekuti Munoziva zvinhu zvose."

35 Zvino, ndaingodawo hangu kunge ndakaona chiso chaKe. Anofanirwa kunge akavatarisa, akati, "Saka, mava kutenda here zvino? Zvazokujekerai nhaika." Pamweka, zvainge zvisingafanire kudaro, zvichida, kusvika panguva iyoyo, munoona. Uye Mwari vanongoita zvinhu zvese nemazvo, munoziva. Ndi—ndinoVada nekuda kwaizvozvo.

36 Asi zvino tiri kufunga nezvezera redu zvino. Nekuti, ndikatanga kutaura pamusoro paro, hatizopinda muZvisimbiso izvi, zvachose.

37 Saka zvino, rangarirai, ndiri kuwana zvikumbiro zvakawanda zvekunamatira vanorwara. Uye ndiri kunamatira . . . nguva dzose, chikumbiro chese chandinowana, uye nemahengechepfu nezvimwe. Uye kana tikakwanisa kupedza Zvisimbiso izvi, kusvikira paChisimbiso chekupedzisira, Svondo mangwanani isu . . . Kana kuri kuda kwaShe, tinoda kungova neshumiro yakanaka yechinyakare yekunamatira vanorwara pano, munoziva, paunongotora mangwanani ese kunamatira vanorwara. Uye ndi—ndine chokwadi chaicho chekuti uchave musangano unoshamisa wekunamatira vanorwara. Maona? Ndinongove nemanzwiro akadaro, munoona. Zvino saka, hazvishamise, asi zvinogona kuti shamisei zvishoma kune vamwe, munoona, zvandiri kureva.

38 Zvino, nyasha dzaMwari dzakakura kwazvo, kuzarura zvakavanzika zvaVo kwatiri muzuva rino! Zvino, isu tese tichatenda kuti tiri kurarama muzuva rekupedzisira. Tinozvitenda izvozvo. Uye rangarirai, zvakavanzika zvaifanira kuzarurwa muzuva rekupedzisira. Uye Vanozarura sei Shoko raVo, zvakavanzika zvaVo? Bhaibheri rakataura. Mungada here kuverenga paVanozvitaura? Ngatingovhurai tione kuti Vanozarura sei zvakavanzika zvaVo.

39 Zvino ndinoda kuti muverenge Amosi. Vhurai kuBhuku raAmosi, uye ndinoda kuti muverenge muchitsauko 3 chaAmosi, uye ndima 7. Zvakanaka. Ndichaverenga ndima 6, zvakare.

> Ko *hwamanda* . . . kurira *muguta,* uye *vanhu vakasatya here? ko guta ringawirwa nezvakaipa,* uye *J*EHOVHA v*asina kuzviita here?*
>
> *Zvirokwazvo Jehovha . . . havangaiti chinhu,* asi vanozarura *zvakavanzika* zvavo ku*varanda* vavo *vaporofita.*

40 Zvino, mumazuva ekupedzisira, tiri . . . Zvakafanotaurwa kwatiri kuti kuchasimuka mu—muporofita.

41 Zvino, tinoziva kuti takava nemhando dzose. Zvino, ndinocherechedza, mushure mekutarisa kwese-kwese manheru ano, kuti ndi—ndiri kutaura pano pagere vadzidzi, uye ndi—ndinoda kuti mundinzwisise. Uye munocherechedza kuti, matepi aya anozara pasi rose, munoona, tingati pasi rose zvaro. Uye handingade kuti imi, chero nenzira ipi zvayo, mufunge kuti ndiri kuedza kudonhedzera imwe mhando yechi—chinamato chakatsauka chezvemagumbeze kana nguwo dzaEria. Uye nezvinhu zvose—zvose izvozvo, takava nazvo zvakawandisa. Asi, munoziva, zvinhu zvose izvozvo zvinongova kufanotungamira kune chinhu chaicho chiri kuuya, kuti zvitsautse vanhu.

42 Munoziva here kuti takava nevatungamiri venhema—venhema vakasimuka, vanamesiya venhema, Kristu asati auya? Haana, haana here . . . Mudzidzisi wezuva iroro, mudzidzisi mukuru uya, Gamarieri, apo mu—mubvunzo pawakauya pamusoro pekurova varume ava, nezvimwe zvakadaro, akati, "Varegei vakadaro. Kana zviri zvaMwari, handiti, muchazowanikwa muchirwisana naMwari. Asi kana zvisiri zvaMwari . . ." Akati, "Hapana here kusimuka mumwe murume, kasiri kare, akaendesa vanhu 400 murenje, nezvimwe zvakadaro? Tinazvo zvinhu izvozvo." Chaiva chii? Zvose zvichifanotungamira Chinhu chemazvirokwazvo paChinouya.

43 Zvino, munoona, Satani anosimudza ivavo. Tarisai kuchenjeresa kwemuchinda uyu watiri kutaura nezvake pano, Satani, apo tiri kumubhedhenura ipo pano; tichingomufumura, neMagwaro, uye tichikuitai kuti muone kuti iye ndiani. Ndizvo izvo . . . izvo zvinofanirwa kuitwa.

44 Uye, rangarirai, haana kumboedza kupinda kuti ave mucommunisti, Satani haasati. Ndiye antikristu. "Zviri pedyosa, zvekuti," Jesu akati, "zvaizonyengera Vasanangurwa chaivo . . ." Uye ndivo Avo vakavigwa muZvisimbiso izvi, vane mazita ari muBhuku kubva pamavambo enyika.

45 Iye muchinda akachenjeresa. Zvino paanoona chinhu ichi chichiuya, chichiuya kumusoro, ipapo anobva akanda zvinhu zvose zvaanogona kunze uko, kuzvivhiringidza zvisati zvasvikako. Manga muchiziva here kuti kuchava navanakristu venhema vachasimuka mumazuva ekupedzisira? Zvinofanira kutevera pakarepo mushure meizvi, mushure meMharidzo huru iyi ichataurwa nehama iyi, uyo achatouya chaizvo, akazodzwa mumweya waEria, pakarepo.

46 Zvino vachamufananidza zvisizvo. Vamwe vavo vachafunga kuti ndiye Mesiya. Asi iye achanyatsotaura chaizvo kuti, "Kwete." Nokuti, zvinofanira kuuya zvakafanana naJohane.

47 Munguva yaJohane Mubhabhatidzi, paakauya kunze ikoko kuzoparidza, vakati kwaari, “Iwe hausi Mesiya here? Iwe hausi Iye here?”

48 Iye akati, “Handisi. Handina kukodzera kusunungura shangu dzaKe. Asi ini—ini ndinokubhabhatidzai nemvura, asi Iye achakubhabhatidzai neMweya Mutsvene.” Uye Johane aive nechokwadi chaicho chekuti Aive panyika, akati, “Ari pakati penyu, pane imwe nzvimbo, zvino.”

49 Asi haana kuMuziva kusvikira aona chiratidzo chiya chichidzika paAri. Zvino, paakaona Chiedza ichocho chichiburuka uye chichitambanuka kuita senjiva, uye ndokumhara paAri, akati, “Hoyo Uyo. NdiYe.” Asi Johane ndiye ega akaChiona, munoziva. Johane ndiye ega akanzwa Izwi. Vamwe vose ipapo, hapana akaRinzwa.

50 Asi zvino kana muranda chaiye, wechokwadi auya; paine kutevedzera kwose kwazviri, ndezvekuti zvivhiringe pfungwa dzevanhu. Satani anozviita izvozvo. Uye avo vasingakwanisi kunzvera vachisiyanisa chakanaka kubva kune chakaipa, vanongokoromokera pasi. Asi Vasanangurwa havazviiti; Bhaibheri rakati haaizokwanisa kunyengera Vasanangurwa. Uye zvino, Kuuya kwaKristu kwave pedyo kwasvika, Bhaibheri rakati, “Paizosimuka vanakristu venhema, uye vaizozviti ndiKristu, uye vaiti, ‘Tarirai, vanhu vanoti Ari mugwenga.’ Musazvitende. ‘Tarirai, Ari mukamuri yepakavanda.’ Musazvitende.”

51 “Nekuti sezuva rinopenya richibva kumabvazuva richienda kumavirira, naizvozvowo ndizvo zvichaita Kuuya kweMwanakomana wemunhu.” Maona? Hongu, Acha—Acha—Achaonekwa, uye chichava chinhu chepasi rose. Uye zvino zvichazo, zvino, zvirokwazvo, pavanozoona kuti chimwe chinhu chaitika, munoona, zvino vachazo . . . Zvino, rangarirai, zvichaitika pakarepo mushure mekuenda Kumusha kweChechi, mushure meKubvutwa.

52 Zvino pachave nekuteedzera kwenhema, nguva dzese, uye hatirevere kubatanidzwa mune chero chinhu chakadaro. Kwete, changamire.

53 Uye ndinotenda, kana munhu uyu achinge auya, uyu akafanotaurwa kuti achauya, ndiri kuzviratidza chete neMagwaro, kuti murume uyu anofanira kunge ari muporofita. Zvirokwazvo achange ari. Zvino chizaruro chaMwari, nekuti Mwari . . . Shoko raShe rinouya kuvaporofita vaVo. Ndizvozvo chaizvo. Ndizvo . . . Uye Mwari havagone kushanduka, munoona. Kana dai Vaiva nehurongwa huri nani, Vanga—Vangadai vakahushandisa. Asi Va—Vane . . . Vakasarudza hurongwa hwakanakisisa pamavambo.

54 Sekungoti, Vangadai vakasarudza zuva kuparidza Evhangeri. Vangadai vakasarudza mwedzi. Vaigona kunge

vakasarudza mhe—mhepo. Asi Vakasarudza munhu. Uye haVana kumbobvira vakasarudza mapoka. Vanhu mumwe nemumwe! Maona?

55 Uye hakumbove nevaporofita vakuru 2 panyika panguva imwe chete. Munoona, munhu wese akasiyana, ane maumbirwo akasiyana. Kana Mwari vakakwanisa kuwana munhu 1, ndiye woga waVanofanira kuva naye, muruwoko rwaVo, Vanogona kuita zvaVanoda kuita. Vanongofanira kuwana 1 chete. Mumazuva aNoa; mazuva aEria; mazuva aMosesi.

56 Vazhinji vakasimuka, munguva yaMosesi. Munoziva zvavakaita, uye zvavaida kutaura, "Asika, hausiwe wega mutsvene muboka rino," uye—uye Dhatani na—naKora.

57 Zvino Mwari vakati, "Ingozvipatsanura. Ndichangovhura nyika igovamedza." Maona? Uye—uye saka . . .

58 Uye zvakare vanhu vakatanga kunyunyuta. Vakati, "Ndichango—Ndichangobvisa chinhu chacho chose."

59 Zvino ipapo Mosesi akatora nzvimbo yaKristu, zvino, ndokuzvikanda pachake mumukaha, uye akati, "Musazviite, Ishe." Maona? Uye, chokwadi, iye . . . Mushure mokunge Vagadza Mosesi kuti aite izvi, HaVana kudarikira pana Mosesi, nokuti akanga achiita saKristu munguva iyoyo. Aiva Kristu muna Mosesi. Zvemazvirokwazvo.

60 Zvino, tinofara zvikuru nhasi kuti Mwari vari kuzvizarura pachaVo kwatiri. Uye ndinotenda kuti Zuva guru rava kutotanga kubuda, kuyedza. Zviedza zvava kutanga kupenya. Shiri dzeparadhiso dzatanga kuimba mumoyo yevatsvene. Vanoziva kuti hakuchina nguva refu zvino. Chimwe chinhu chiri kuzoitika, zvinotongofanira kudaro. Saka kana "Vakasaita chimwe chinhu . . . "

61 Zvino, Rugwaro rwose rwakafemerwa. Magwaro anofanirwa kuva Chokwadi zvemazvirokwazvo. Hapana nzira yekuzvinzvenga nayo. Ipapo ndipo pandinosiyana neshamwari dzedu, chechi yeKatorike. Ndinotenda kuti haRina kunyorwa nevanhuwo zvavo. Ndinotenda kuti Rakafambiswa neMweya Mutsvene. Uye zvinhu zvose izvi zviduku zvakawedzerwa, kuedza kuwedzera kwaRiri; makacherechedza here, mukugadzirisa, vese zvavo vakakavirwa kunze.

62 Zvino Magwaro aya emazvirokwazvo, echokwadi anopindirana, rimwe nerimwe, kusvika pekuti ha—hapana kupesana maari, chero papi zvapo. Ndiratidze bhuku 1 rezvinyorwa rinogona—rinogona kunyora ndima imwe, potse, risingazvipikise pacharo, kana kunyora—kunyora ndima imwe, kana 2. Uye Bhaibheri harizvipikise pachaRo, chero papi zvapo. Ndakanzwa vatsoropodzi vekare vachitaura kudaro, asi ndakava nechikumbiro kwaari kwenguva refu, kuti andiratidze

pazviri. Hazvimo umu. Ingori mhaka yekuti pfungwa dzemunhu dzakavhiringika. Mwari havana kuvhiringika. Vanoziva zvaVari kuita. Vanoziva.

63 Tarisai, kana Mwari vachizotonga nyika nechechi, sezvinotaurwa nechechi yeKatorike kuti ndizvo, zvakanaka, zvino ichechi ipi yacho? Chingotarisai machechi atinawo. Tine 900 neanoraudzira, masangano akasiyana-siyana emachechi. Zvino sei . . . Rimwe rinodzidzisa nenzira *iyi*, uye rimwe nenzira *iyo*. Inyonganyonga yakadini, zvino, chero munhu anongoita chero chaanoda kuita, unopfuurira mberi zvakadaro. Mwari vanosungirwa kuva nechimwe chiyero, uye ndiro Shoko raVo.

64 Kutaura . . . Kwete kuzvikandira kumaKatorike, zvino, nokuti ma—maProtestanti akangoipa zvimwe chetezvo. Asi ndichitaura nemuprisita, akati, "VaBranham," akati, "Mwari vari muchechi yaVo."

65 Ndakati, "Changamire, Mwari vari muShoko raVo. Uye ndiVo Shoko racho." Hongu, changamire.

Akati, "Zvakanaka, Vari mu . . . Chechi haikanganise."

66 Ndakati, "HaVataure kudaro. Asi Vakati Shoko harikanganise."

67 Akati, "Asika, taidzidzisa rubhabhatidzo urwu nenzira iyoyo, nezvimwe zvakadaro."

Ini ndikati, "Riinhi?"

Akati, "Kareko mumazuva ekutanga."

Ndikati, "Munobvumira iyoyo kunge iri chechi yeKatorike here?"

Akati, "Hongu."

68 Ndikati, "Saka, ndiri muKatorike, muKatorike wechinyakare. Ndinotenda nenzira yechinyakare. Imi varume nhasi maRivhiringidza rese, hapana kana chinhu chamunodzidzisa chiri muMagwaro. Kurevererwa nevakadzi nevanhu vakafa, nezvimwe zvinhu zvose izvi, uye, oo, ini zvangu, zvekusadya-nyama, uye, oo, handizivi zvese, maona." Ndakati, "Nditsvagirei izvozvo muMagwaro."

69 Akati, "Hazvisungirwe kunge zvirimo. Chero bedzi chechi ichitaura kudaro, ndizvozvo. Hazvina mutsauko kuti iRo rinoti kudii, ichechi."

70 Ndikati, "Bhaibheri rakataura, kuti, 'Ani naani anowedzera shoko rimwe kwaRiri, kana kubvisa Rimwe chete, chikamu chake chichabvsiswa muBhuku reHupenyu.' Saka, iShoko! Ini ndinotenda Shoko."

71 Zvino, uye, zvadaro, kana Amosi akati, uye nemamwe Magwaro anofambirana nazvo, kuti kana . . .

72 Uye imi rangarirai, pane izvi, tiri kungorova nhongonya dzaCho. Kungoti, ini zvangu, kana . . . Pandinopinda mukamuri umo, uye—uye Chizoro chiya chobva chapinda, dai ndaigona kunyora pasi zvaAri . . . zvese zvinoitika, ndaizonge ndiri pano kwemwedzi 3 ndiri pane chimwe cheZvisimbiso izvi. Saka ndongorova nzvimbo ndoZvirega zvichibuda, zvingori izvo zvingava zvisingazodzipa vanhu. Asi, zvakadaro, zvisingazovakuvadza, asi zviri zvekungoitira kuti, pakutenda, zvinga—zvingazorunga chinhu chacho. Munoziva zvandinoreva.

73 Zvino, tarisai izvi zvino, kana "Mwari havaite chimwe chinhu," akadaro Amosi, "kusvikira kutanga Vazvizarura kuvaranda vaVo vaporofita." Uye, zvadaro, tinoona zvaVari kuita. Zvinofanira kunge zviri kuti Vari kugadzirira kuita chimwe chinhu, chaVari kuzarura zvino. Mwari vari kugadzirira kufamba panzvimbo, mukutonga, ndinotenda kudaro. Vari kugadzirira kuita chimwe chinhu. Uye chinhu 1 zvakare, chinopupurira zvechokwadi kuti, tave mumazuva ekupedzisira. Tave pamagumo ezera, Zera reChechi yeRaodhikia zvino, nekuti zvinhu izvi zvaifanira kuzarurwa bedzi pazuva rekupedzisira.

74 Zvino, chingofungai nezvazvo zvino. Ngatingo—ngoedzai kuti zvisinine mukati zvatinotenda kuti Mweya Mutsvene ungada kuti tizive.

75 Zvino rangarirai, "Hapana chinozarurwa; Mwari havana chavanoita, zvachose, kusvikira Vazvizarura kutanga kuvaranda vaVo, vaporofita." Uye Vasati vaita chero chinhu, Vanochizarura. Uye kana Vachizarura, munogona kurangarira izvi, pane chiri munzira kuuya. Munoona, chiri kuzarurwa.

76 Uye zvinhu izvi zvatiri kutaura nezvazvo zvaifanira kuzozarurwa pazuva rekupedzisira, Hwamanda yekupedzisira yave kuda kurira, pakupera kweMharidzo yezera rechechi rekupedzisira. Ndizvozvo chaizvo. Kana muchida kuverenga izvozvo zvino, munogona kuvhura kuna . . . Imi, ndichangobva kuzvitaura kwamuri, manheru apfuura, katatu kese, Zvakazarurwa 10:1-7, munoona. "Uye mumazuva ekunzwikwa kweMharidzo yemutumwa wechinomwe, chakavanzika chaMwari chichazarurwa uye nekupedziswa." Uye pane chinhu 1 bedzi chasara. Kana Bhuku iri rine zvisimbiso 7 razarurwa, zvino chakavanzika chose chaMwari . . .

77 Handiti, takatsvanzvadzira maRiri, kubudikidza nemumakore. Zvino maererano neMagwaro, zvino, isu . . . Pakanga pasina nzira yekuZvinzwisisa kusvikira zuva rino, nekuti Zvanga zvakavanzwa. Takaona mufananidzo, zvaWaifananidzirwa nazvo, asi haZvaikwanisa kunyatsozarurwa kusvika pazuva rekupedzisira. Maona? Zvino, zvakare, tinofanira kunge tiripo, pa—panguva yekupedzisira.

78 Zvino, rangarirai. Musa . . . Uye musakanganwa zvino, kuti, "Hapana chaVanoita kusvikira Vachizarura." Uye

musakanganwe, zvakare, kuti Vanozviita nenzira iri nyore kwazvo, yekuti, “Vakangwara nevakachenjera vanozvipotsa.” Zvino, kana muchida kuzvinyora pasi izvozvo, ndiMateo 11:25-26. Uye, rangarirai, “Hapana chaVanoita kusvikira Vachizarura.” Uye Vanozvizarura nenzira yekuti vanhu vakangwara, vakadzidza vanozvipotsa. Rangarirai, hwaiva huchenjeri hwakashuvirwa nenyika panzvimbo yeShoko, apo chivi chekutanga pachakaita zvachakaita. Musazvikanganwa izvozvo zvino. Oo, tinofanirwa kuva vanhu vanotenda kwazvo, kufunga izvozvo!

79 Zvino chingotarisai zvinhu zvinoitika! Tarisai zvinhu zvaVakatitaurira! Tarisai muno mutabhenakeri ino, imi vanhu vatakakudzwa pamwe navo pano. Zvino ndichakumbira matepi. . .Zvakanaka, pfuurirai henyu mberi, kuzviisa patepi. Asi, tarisai, ndichataura izvi kuvanhu vepatabhenakeri, imi manga muri pano. Ndinoraira chero ani wenyu, muZita raIshe Jesu, kuti unongedze pane chinhu 1 zvacho, pane mazana ezvinhu zvakataurwa zvisati zvaitika, zvino woti hazvina kuitika. Ndiudzei nguva imwe, iyo papuratifomu, kunze uko, chero kupi zvako, kwekuti Akambotaura chimwe chinhu chakanga chisina kunyatsokwana nemo-nemo nenzira iyoyo. Sei? Pfungwa dzemunhu dzingava dzakadaro here? Kwete zvirokwazvo.

80 PaAkazviratidza zasi uko parwizi, makore 33 apfuura Chikumi uno ari kuuya, ari muchimiro cheChiedza! Imi venguva yekare munorangarira kuti ndakakuudzai, kubva ndichiri mukomana mudiki, Inzwi iroro neChiedza ichocho. Uye vanhu vakafunga kuti, ndangoti rasikei pfungwa zvishoma. Chokwadi, ndingadai ndakafunga zvimwe chetezvo, mumwe munhu akazvitaura. Asi zvino haufanirwe kunge uchishamisika pamusoro paZvo zvino. Uye Chechi haina kushamisika kubvira 1933, zasi kurwizi zuva riya, kwandakanga ndichibhabhatidza mazana evanhu!

81 Ndinorangarira mukomana uya wekwaMarra akandiudza, akati, “Uri kuenda kunonyudza vanhu ivavo here, Billy?” Jim Marra mudiki zasi uko, ndinofunga kuti akafa zvino. Ndinofunga akauraiwa kunze uko; mumwe mukadzi akamupfura. Asi aka—akandibvunza, “Uri kuenda kunonyudza vanhu avo?”

82 Ndikati, “Kwete, changamire. Ndiri kuenda kunovabhabhatidza muZita raIshe wedu Jesu.”

83 Zvino kwakanga kune mumwe mukadzi aifamba hake ari muboka racho. Akati kune mumwe mukadzi, akati. . .akataura, chimwe chinhu pamusoro pazvo. Akati, “Haa, handingaite hanyn’a zvangu nekunyudzwa.” Akati, “Zvakanaka. Handina basa nazvo.”

84 Ndikati, "Dzokera unotendeuka. Hauna kukodzera kubhabhatidzwa muZita raJesu Kristu." Maona?

85 Ichi hachisi chinhu chekutamba nacho. IVhangeri raKristu, rakazarurwa nekutumwa, Shoko. Iko, zvino, kana uri kutaura, "Zvisina maturo uye nehupenzi," ungadai wakazviisa kumwewo kunhu. Asi, rangarirai, zvakavimbiswa muShoko kuti izvi zvaizoitika, uye chaizvoizvo zvazvaizove. Uye hezvinoi izvi.

86 Zvino, zasi ikoko musi iwowo, pavakanga vakamira kurwizi! Uye Mutumwa waJehovha, wandakakuudzai kuti Aitaridzika se—senyeredzi kana chimwe chinhu neche kure, zvino Akabva aswedera pedyo, ndokukuudzai kuti Chiedza cheemarald chaitaridzika sei. Uye hecho Chichiuya, chichidzika chaipo parwizi pandakanga ndichibhabhatidza.

87 Apo, vanamuzvinabhizimu zasi kuno muguta, vakati, "Zvanga zvichirevei izvo?"

88 Ndikati, "Zvanga zvisiri zvangu. Zvakaitirwa imi. Ndinotenda kudaro. Maona? Zvakaitwa nekuda kwenyu, kuti Mwari vakazviita, kukuratidzai kuti ndiri kukutaurirai Chokwadi." Nekuva mwana, ndakaita, semukomana, ane makore angangoita 21 ekuberekwa, ha—havaimbozvitenda izvozvo, munoona, nekuti zvakanyanyisa pamwana mudiki. Uyezve ndakanga ndichifunga . . .

89 Hama Roberson vari pano, mumwe wematirastii edu, ndavaona pano maminitsi mashoma apfuura. Vakanga vachindiudza rimwe zuva pamusoro pekunge vari muHouston pakatorwa mufananidzo uyo ikoko, wamunoona. Uye ndakanga ndiri . . . Pamangange ekutaura aye, ndakatanga kutaura chimwe chinhu pamusoro pazvo, humwe husiku. Hama Roy ndivo vega . . . nemumwezve murume, ndivo munhu wega muboka iri aive nemuchina wekurekodha. Waive mumwe wemichina yekurekodha newaya wechinyakare. Ndiri kuona Hama Roberson zvino, nemudzimai wavo. Saka, uye—uye ava, Mai Roberson vakanga vachirwara.

90 Hama Roy vaive gamba remuhondo. Uye makumbo avo akapfurwa, zvino vakavaradzika kunze vachinzi vafa. Vaive mukuru wemasoja mu—muMauto. Zvino German 88 yakarova mota yemasoja ine nganunu iyi yavakanga vainayo, zvino yakangouraya murume uyu, nekumuputitsa kuita zvidimbu-zvidimbu. Vakamuradzika kunze, achinzi afa, kwenguva refu. Uye vakati havasi kuzombofa vakafamba, nekuti makumbo ose maviri akanga adimbuka-dimbuka, tsinga dziri maari, nezvimwe. Ini zvangu, potse-potse vanogona kutofamba zvekundisiya ini.

91 Asi chaiva chii? Paive nechimwe chinhu chavakaona, zvino vakaenda kuHouston. Zvino vanga vachindiudza nezvemudzimai wavo. Uye vane—vane waya yacho; vari kuzozviisa patepi. Uye kana shumiro idzi dzapera pano, zvino,

vachakuridzirai mose, ndinovimba kudaro. Uye patepi yekare yewaya apo, vane shumiro dzangu dzakaitwa kuHouston. Uye zvakare mudzimai wavo, vakati, vakapinda ipapo, uye havana kumbozvicherechedza kusvikira rimwe zuva.

92 Mudzimai akanga, oo, vakanga vakasuwa kwazvo. Vakanga vachirwara, uye vaida kupinda mumutsara wekunamatirwa. Vakanga vasingatombondizive kana, uye handina kumbenge ndakavaona muhupenyu hwangu. Saka vakanga vagere pa—pahwindo zuva iroro, vakatarisa panze, uye vakaderera zvikuru, munoziva, uye vakasuwa, uye vachishuvira kuti dai vawanawo kadhi rekunamatirwa, kuti vapinde mumutsara.

93 Zvino, zvakaitika kuti, manheru iwayo vakapinda mumutsara, kana kuti husiku hwakatevera, kana zvimwewo. Ndinotenda, husiku humwe chete ihwohwo. Zvino vakapinda mumutsara. Zvino pavakakwira papuratifomu, Mweya Mutsvene wakavaudza, kuti, "Zvino, hamusi vekuno. Munobva kuguta rinonzi New Albany." Uye ukati, "Manga mugere pahwindo nhasi, makatarisa panze, uye muchinetseka kwazvo nezvekuwana kadhi rekunamatirwa." Hezvoka izvo, zviri patepi, makore apfuura.

94 Uye zvakare pakutanga kwemusangano, Mweya Mutsvene pawaivepo. . . Ndiwo waiva wekutanga wemusangano uyu. Taingova nevanhu vangangosvika 3,000, takazoita 8,000, tikazosvika kuda 30,000. Saka zvino mu. . . Pandainge ndiri kutaura pa . . . Mumwe wemisangano yekutanga chaiyo, ndakati, "Handizive kuti sei ndiri kutaura izvi." Zvino, zviri patepi iyoyo. "Asi, ndizvo, tiri . . . Ino ndiyo ichava imwe yenhongonya dzenguva yangu. Chimwe chinhu chiri kuzoitika pamusangano uno, chichange chiri chikuru kupfuura zvati zvamboonekwa kana naani."

95 Uye hwaingova husiku 8 kana 9, 10 mushure maizvozvo, apo Mutumwa waJehovha paakaonekwa pamberi pevanhu vangangoita 30,000, ndokuburuka, uye mufananidzo uyu ndokutorwa. Hoyoka Uyo, iko zvino, unotoda mvumo yekudhindwa kwemamwezve uri muWashington, DC, seChinhu chega chemweya chakambotorwa mufananidzo pasi rose.

96 Zvino ndakataura pamusoro, munoziva, ndichiti imwe nguva, pasi pekunzvera, ndichiti, "Munhu ane mumvuri werufu. Pane chifukidzo chemumusoro chitema, chemumvuri. Vari kuda kufa."

97 Uyezve kumusoro kuno kuEast Pines, kana kuti Southern Pines, ndinotenda ndizvozvo, pandaivepo mumusangano wakapfuura. Mumwe mudzimai mudiki agere ipapo, zvino Chimwe chinhu chakamuudza kuti, "Tora mufananidzo uyo, nekukurumidza chaiko," pandaiva ndichitaura nemumwe mudzimai. Zvino hoyoka uyo. Ndinofunga kuti uchange uri pabhodhi rezviziviso; wagarapo, kwechinguva. Hecho

chifukidzo chitema chiya chakarembera pamusoro pemudzimai uyu.

98 Akatora mumwe mufananidzo, Mweya Mutsvene pawakangozvizivisa. Wakanga waenda. Zvikanzi, "Uri kuzopodzwa. Ishe vakupodza. Kenza yacho yaenda." Uye hezvoka izvo. Zvino akapodzwa. Maona? Hezvoka izvo. Maona?

99 Zvinongoratidza kuti Mwari vanoziva kuti inguvai yezuva. Isu hatizive. Tinofanira kungoVateerera.

100 Zvino tinogona kungoramba tichitaura, asi ngatidzikei pano zvino, kweminiti chete, tigobata Chisimbiso chekumashure ichi, kuitira kuti tigone kusanganisa ichi pamwe naCho. Zvino, kungova nedzokororo chete, kwenguva sho-. . . nguva shomanana, chi—chimwe, Chisimbiso Chekutanga.

101 Tinocherechedza, pakuparurwa kweChisimbiso Chekutanga, Satani ane mu—munhu wemhando yepamusoro, wezvekunamata. Makacherechedza here mutasvi webhiza jena uyu? Izvo, ivo, zvaifungidzirwa kuti ndizvo zvaive zviri . . . Chechi yekutanga ichifambira mberi; asi, oo, ini zvangu, izvozvo zvakadzidziswa nemumakore ese, asi hazvaigona kunge zvakadaro. Ingotarisai apo zvimwe zvose, patinozvibatanidza zvese pamwe chete, mochibva maona pacho pazviri, munoona. Zvino, uye handizive kuti zvimwe zvacho zvasara zvichazovei, nazvino. Asi ndinoziva kuti zvinofanirwa kuuya zvakanyatsokwana imomo, nekuti iChokwadi. IChokwadi. Uhwu hwaiva hukuru hwezvinzvimbo zvechechi yeRoma, chaizvoizvo.

102 Vanhu ava vanofunga kuti maJudha ndivo antikristu, zvirokwazvo vakarasika nekure-kure kwazvo chaiko. Usambofa wakafunga kuti maJudha ndiantikristu. Meso avo akapofomadzwa, nemaune, kuti tive nenzira yekupindawo mukati, zvichitipa nguva yekutendeuka.

103 Asi antikristu ndeweMurudzi. Zvirokwazvo. Munhu anotevedzera Chokwadi; *anti*, "chinopesana." Zvino, murume mukuru wepamusoro uyu, oo, akazova munhu mukuru kwazvo, uye—uyezve pakupedzisira akapihwa chigaro chehushe. Uye zvakare, mushure mokugadzwa pachigaro chehushe, akapfekedzwa korona. Uye zvino, iye, mushure maizvozvo, akazonamatwa panzvimbo yaMwari.

104 Zvino, tarisai, izvozvo zvisati zvatombouya. Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Aive ani uyu? Chaiva chii iChocho pana Pauro, muna VaTesaronika Vechipiri 2:3, chakati icho murume uyu aizouya? Sei murume uyu akatarisa mberi kubudikidza nemuzera akazviona? Aive muporofita waMwari. Zvirokwazvo. Sei aka . . .

105 Akati, "Mweya unotaura pachena, kuti munguva dzekupedzisira kuti vachabva pakutenda, uye vaizoteerera kune

inonyengera . . .” Munoziva kuti *kunyengera* kuita sei. Mweya unonyengera muchechi, ndivo vafundisi. “Mweya unonyengera, wechifundisi, kushanda kwemadhimoni; hunyengeri muchechi.”

106 “Vane misoro mikukutu, vanokarira zvepamusoro,” huchenjeri, munoona, vakangwara, vakatesva njere; “vane chimiro chehumwari.” (Vanongoenda, voti, “Zvino, isu tiri Makristu; tinofanira kuenda kuchechi.”) “Vane chimiro chehumwari, asi vachiramba zvizaruro, Simba nekubata kweMweya; furatirai kune vakadaro.” Maona? Zvino cherechedzai, akati, “Nekuti ava ndivo vanoenda paimba neimba, uye vachitungamirira vakadzi nzenza . . . ” Hazvirevi madzimai ane Mweya Mutsvene. “Vakadzi nzenza vanotungamirirwa neruchiva rwemhando zhinji.”

107 Ruchiva rwemhando zhinji! Vanongofarira kupinda muchinhu chese chidiki chavanogona kupinda machiri, nendudzi dzose dzemasosaiti; uye vorarama nechero nzira yavanoda, uye, zvakangodaro, “Tinoenda kuchechi. Takangonakawo semumwe munhu wese.” Madhanzi, mapati, vachigera vhudzi ravo, kuzvipenda, vachipfeka chero chavanoda; zvakadaro, “Tiri—tiri maPentekosti. Taka—takangonakawo semumwe munhu wese.” Oo! Mabasa ako pachako anokuzivisa. Chokwadi. Cherechedzai.

108 Asi akati, “Varume vane pfungwa dzakarasika, maringe neChokwadi.” Chokwadi chii? Shoko, rinova Kristu. “Maererano neChokwadi.”

109 “Oo, unoita . . . Iwe, unoshungurudza vakadzi. Unovenga vakadzi. Unoita *izvi*, *izvo*.”

110 Kwete, changamire. Hazvisi izvo. Idzodzo inhe—nhema. Handivenge vakadzi. Kwete, changamire. Ihanzvadzi dzangu, kana vari hanzvadzi. Asi chinhu chandi . . .

111 Rudo rwunogadzirisa. Kana rwusingagadzirise, harwusi rudo. Kana zviri izvo, zvino, kana rwuri rudo, ru—rudo rwepanyama uye harwusi agapao, ndinokuudzai izvozvo. Vanogona kuva nekarudo kadiki kefirio kune mumwe mudzimai anotaridzika zvakanaka. Asi rudo rweagapao chinhu chakasiyana, ndirwo rudo rwunotwasanudza chinhu chacho, uye tosangana naMwari mhiri uko kune imwe nzvimbo kwatinogona kurarama Nekusingaperi. Maona? Ndanga ndisingareve izvozvo, pamwe, nenzira yazvabuda nayo, asi ini . . . Munoziva izvo ini—ini . . . Ndinovimba manzwisisa. Zvakanaka.

112 Zvino, asi, rangarirai, akati, “SaJane naJambure vakadzivisa Mosesi, ndizvo zvavachaitawo. Asi hupenzi hwavo hwakakurumidza kuonekwa.”

113 Sei? Mosesi paakatumwa kuti aite chimwe chinhu chakaita sechinopfuurira mwero, asi, akaenda zasi ikoko nekungotendeka kwese kwaaigona. Zvino Mwari vakamuudza kuti atore iyi,

tsvimbo iyi, uye oikandira pasi, zvino yaizoshanduka kuita nyoka. Zvino, Vakazviita, kumuratidza izvo zvaizoitika. Uye pamberi paFarao, akamira kunze uko sekungotumwa kwaakaitwa naMwari, ndokukandira pasi tsvimbo yake, zvino ikashanduka kuita nyoka.

114 Uye pasina kupokana, Farao akati, "Shiripiti ren'anga rakapusa iri!" Saka ndokuenda kunotora Jane naJambure vake. Akati, "Tinogonawo kuzviita zvinhu izvozvowo, zvakare." Zvino akakanda tsvimbo pasi, ndokubva dzava nyoka.

Zvino Mosesi aizoita sei apa?

115 Chaiva chii? Zvairatidza kuti, chinhu chese chaMwari chemazvirokwazvo, dhiyabhore ane munhu anochitevedzera. Vanotevedzera, kuti varasise vanhu kubva panzira kwayo.

116 Mosesi akaita sei, akati here, "Nhai, ndinofunga kuti ndakanganisa. Zviri nani ndidzokere"? Akaramba akamira akadzikama, nekuti akanga aita zvaakanga atumwa, nemo-nemo.

117 Zvino, chinhu chekutanga munoziva, nyoka yaMosesi yakadya imwe yacho. Maona? Makambofunga here kuti chii chakazoitika kune imwe nyoka yacho? Yakaenda kupi? Moses akatora tsvimbo ndokubuda nayo kunze. Akaita minana nayo. Zvino imwe nyoka iya yakanga iri mukati meimwe tsvimbo iyi. Maona? Zvinoshamisa. Handizvo here? Hongu, changamire.

118 Zvino, antikristu anouya pachena, zvishoma nezvishoma. Ndinoda kuti mucherechedze izvi. Zvino, kana mukanzwa . . .

119 Zvino, kushamwari dzangu dzechiKatorike, chimbogarai makadzikama kweminiti, uye zvino; uye zvakare tiri kuzoona pane maProtestanti; apo patiri tose, munoona.

120 Cherechedzai, chechi yekutanga, kana chechi yeKatorike ichiti ndivo vaiva vekutanga, chechi yepamavambo, vanoreva chaizvo. Vakanga vari. Vakatangira paPentekosti. Ndipo pakatangira chechi yeKatorike. Zvino, pane imwe nguva handina kumbobvira ndakazvitenda, kusvikira ndaverenga nhoroondo, ndikaona kuti ndizvozvo. Vakatangira paPentekosti. Asi vakatanga kutsauka, uye munoona pavari.

121 Uye kana Pentekosti ikatsauka nekumhanya kwairi kutsauka nako zvino, havazodi kuti vaende kwemakore 2,000. Mumakore 100 kubva zvino, vachange vari kure kudarika zviri chechi yeKatorike. Ndizvozvo.

122 Asi cherechedzai, zviri, mutasvi webhiza jena uyu. Zvino tinongozvipa nheyo, zvishoma, kusvikira tarova paChisimbiso ichi. Zvino cherechedzai mutasvi webhiza jena, paakabuda kunze, iye—iye anobata mumatanho 3. Dhiyabhore, sezvandakakuratidzai humwe husiku, ari muhutatu, sezvakangoitawo Mwari. Asi ndidhiyabhore mumwe

chete nguva dzose, mumatanho matatu. Cherechedzai matanho ake. Mudanho rekutanga, anopinda . . .

123 Mweya Mutsvene wakaburuka, uye vanhu vaiva nezvinhu zvose muhumwe. Uye Mweya waMwari wakanga uri pavari. Zvino vaapostora vaienda kune imba neimba, vachimedura chingwa nevanhu. Zvino pakava nezviratidzo nezvishamiso zvikuru zvakaitwa.

124 Uye—uye zvadaro, chekutanga munoziva, Satani akatanga kukonzera kusimuka kwekugunun'una.

125 Zvino, mushure mechinguva, nhapwa idzi nevarombo vaive munyika, vakagamuchira Mweya Mutsvene, vakaenda kunzvimbo dzakasiyana-siyana, vachipupura. Vakapupurira vanatenzi vavo.

126 Uye mushure mechinguva, pakatanga kuuya, oo, sevakuru vemauto ne—nevanhu vakasiyana-siyana. Vane mukurumbira vakatanga kuona humhare hwacho, nezvishamiso nezviratidzo zvakaitwa nevarume ava, saka vakagamuchira Chikristu.

127 Saka, zvino, munoona, paakagamuchira Chikristu, ndokuenda zasi ikoko kunzvimbo yavanoungana, muimba duku ine rima, ine tsvina; vachiombera maoko avo, nekudanidzira, nekutaura nendimi, nekugamuchira mashoko. Handiti, aisakwanisa kuzviendesa kune mu—mukwikwidzani wake, kana chero zvazvingava, mubhizimu rake. "HaaizomboZvitenda, saizvozvo." Zvirokwazvo kwete. Saka, anotofanira kuZvishongedza. Saka vakatanga kuungana pamwe chete, ndokutanga kufunga, "Zvino tichagadzira chimwe chinhu chakati siyanei zvishoma."

128 Zvino Jesu, pakarepo chaipo, pazera rechechi yekutanga, Akavaudza. Muchitsauko 2 chaZvakazarurwa pano, "Ndine pandinopesana newe, nekuda kwemabasa aya evaNikoraiti."

129 *Nikao*, "kukurira" ungano. Nemamwe mashoko, vanoda kuita kuti, pachinzvimbo chekuti munhu wose ave mumwe, vanoda kuita mumwe muchinda agove ari mutsvene. Vaida kuita imwe mhando ye . . . Vaida kuzvifananidza nechihedheni, kwavakabuda vachibva, uye pakupedzisira vakazozviita.

130 Zvino tarisai. Chekutanga, "chiNikoraiti." Va*Nikoraiti* vainzi, muBhaibheri, "antikristu," nekuti vaipesana neDzidziso yepamavambo yaKristu nevaapostori.

131 Handidi kudoma zita remurume uyu. Munhu ane mukurumbira. Asi ndakanga ndiri pamusangano wake, kuno makore mashoma apfuura. Uye aiziva kuti ndakanga ndiripo, nokuti ndakanga ndamukwazisa ruoko. Zvino akati, "Oo, munoziva, tine vakadaro nhasi vavanoti maPentekosti." Uye akati, "Ivo, vanozembera paBhuku raMabasa." Zvino akati, "Munoona, Mabasa aingova zvimiso zvekunze zvaishandiswa pakuvakwa kweChechi."

132 Ungafungidzira here, murume akanzvera Bhaibheri, mutana wehumhare, uye akanga anzvera Bhaibheri nenzira yakaitwa nemuchinda iyeye, uye wochibva wazoita chirevo chakadaro? Zvakanzwika, hazvi . . . Izvozvo—izvozvo hazvitombonzwiki seMweya Mutsvene. Manjeka, hazvifanire kuva zviri izvo, chero kupi.

133 Nokuti, chero munhu ane kunzwisisa kwemazuva ese anozoziva kuti Mabasa avaApostora akanga asiri mabasa evaapostora. Akanga ari mabasa eMweya Mutsvene muvaapostora. Hamuzivi here kuti takazvifananidza sei mumazera echechi? ZviPuka zviya zvigere ipapo, zvakarinda Areka ipapo. Mateo, Marko, Ruka, naJohane, vamire ipapo, vakaIrinda. Uye Imomo ndimo mune zvakaitika, sezvibereko zvezvinyorwa zvaMateo, Marko, Ruka, naJohane.

134 Ndipo apo muti wakaisa rawo . . . bazi rawo rokutanga, uye ndizvo zvakaitika. Zvino kana muti iwoyo ukangobuditsa rimwe bazi, vachanyora rimwe Bhuku raMabasa kumashure kwaro. Nokuti, munoona, Hupenyu humwe chetehwo hunofanira kuva muchinhu chimwe chete.

135 Saka zvino, nhasi, kana tichitarisa napamusoro pemachechi edu emasangano, Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, Lutherani, Church of Christ (inodanwa kudaro), nemaPentekosti nezvimwe, tinozviwanepi izvozvo? Hauzviwani.

136 Ndichabvuma kuti maPentekosti ndivo vane chinhu chiri pedyosa kwaChiri, chiripo, nokuti vari kumusoro kuno muZera reChechi yeRaodhikia. Vaiva neChokwadi uye vakaChiramba. Vakazova vanodziya naCho, zvino Mwari vakavasvipa kubva mumuromo maVo. Ndizvo chaizvo maererano neMagwaro.

137 Haukwanise kuita kuti Magwaro iwayo anyepe. Maona? Achagara ari echokwadi, nguva dzose. Usaedza ku . . . Chinhu chete, usayedze kuenzanisa pfungwa dzako kune . . . kana kuti Magwaro aenderane nepfungwa dzako. Asi ru- . . . zvienzanise pachako iwe neMagwaro. Ndiko kuti, unenge wava kumhanya pamwe naMwari. Zvisinei nezvauchafanira kucheka uchibvisa, kana kuisa parutivi, mira mugwara maWo. Maona?

138 Tarisai zvaWakaita paWakaburuka kekutanga. Saka, kana Mwari vakaita saizvozvo pekutanga, Vanofanira kuita saizvozvo pechipiri. Vanofanira kuita saizvozvo nguva dzose, kana kuti Vakaita zvisirizvo pekutanga.

Munoona, isu sevanhu vanofa, tinokwanisa kukanganisa. Mwari havagoni.

139 Sarudzo yaMwari yekutanga yakakwana. Uye nzira yaVakasarudza kuita nayo zvinhu, hapangavi neimwe nzira, iri nani. HaVakwanise kunatsa pairi, nekuti yakakwana, kubva pakutanga. Kana zvisina kudaro, saka Vane magumo. Uye kana Vasingagumi, zvoreva kuti Vanoziva zvose. Uye kana Vachiziva

zvose, ndiVo samasimba. Ameni! Vanofanira kuva izvozvo, kuti vave Mwari. Maona? Saka iwe—iwe haugone kutaura, zvino kuti, "Vadzidza zvimwe zvakawanda." HaVana kudzidza zvimwe zvakawanda, ndiVo—ndiVo chitubu chaicho chehuchenjeri hwese. Maona?

140 Huchenjeri hwedu pano hunobva kuna Satani. Takahugamuchira kubva muEdheni, matakachinjanisa kutenda nehuchenjeri. Evha ndiye akadaro.

141 Zvino, ainzi antikristu kutanga. Danho rechipiri, akanzi muporofita wenhema, nekuti mweya iwoyo waive pakati pevanhu wakazogara mumunhu.

142 Munorangarira, mutasvi webhiza jena zvino akanga asina korona paakatanga, asizve aizo . . . akazopiwa korona. Sei? Akanga ari mweya wechiNikoraiti, pakutanga kwacho; zvino zvakare akazova anogara mumunhu; ndokuzobva apfekedzwa korona, uye akagamuchira chigaro chehushe uye akapfekedzwa korona. Uyezve akazoshumira saizvozvo kwenguva yakareba, sezvatichaona tichi . . . Zvisimbiso zvichiparuka.

143 Uye zvakare tinoona kuti, mushure menguva refu iyi, Satani akakavirwa kunze kubva Kudenga. Uye akauya pasi, maererano neMagwaro, ndokuzvigadza pachake pachigaro chehushe. Chimbofungai, akazvigadza pachigaro chehushe mumunhu iyeye, ndokubva ava chikara. Uye aiva nesimba, simba repamusoro-soro, zvekuti akaita, zvose zvishamiso nezvinhu zvose, izvo—izvo, kana kuuraya nekurwa kuzere ropa nezvimwe zvese izvo—izvo Roma yaigona kuita. Zvakanaka. Aiuraya nemurango wehutsinye, wechiRoma. Kungoti, oo, tinogona kutopinda mune mamwe Magwaro pano!

144 Rangarirai, Jesu Kristu akafa pasi pemurango wechiRoma, wekutongerwa rufu.

145 Mharidzo yandinayo mumoyo mangu, yekuparidza kumusoro kuno pamusangano uno uri kutevera, masikati eChishanu Chakanaka, inobata zvinhu 3, 4, munoona. "Ipapo ivo vakaMuroverera." "*Ipapo*," nzvimbo tsvene-tsvene kwazvo, yechinamato chepamusoro-soro pasi rose yaiva Jerusarema. "*Ivo*," vanhu vatsvene-tsvene kwazvo (sezvavaifanirwa kuva) vari pasi rose, maJudha. "Ikoko ivo *vakaroverera*," murango une hutsinye hwakanyanyisa uhwo hwaigona kuitwa neRoma. "Vaka*Mu*roverera." Chii? Munhu mukurusa ati amborarama. "Ipapo ivo vakaMuroverera." Oo, ini zvangu!

146 Mwari ndibatsirei kuZviisa muboka iroro ravanamuzvinabhizimu, kusvikira vagona kuona pavamire. Zvakanaka. Zvino, zvisiri zvekuti ndive ndakasiyana, zvisiri zvekuti ndive ndakaomarara; asi kuZvizunza, kusvikira hama idzodzo dzagona kuona kuti varemekedzwa vavo navanababa vezvehutsvene, uye nezvinhu zvavari kunyora mubepanhau reBusiness Men iri, hazvina kana maturo. Makristu haafanire

kudana chero munhu kuti “Baba.” Vakatangira kare kumashure, ndakaedza kuvabatsira mune zvese zvandinogona (Munoona zvino kunoenda tepi iyi.), saka, ndapedza, ini zvirokwazvo handisi kuzova nechii zvacho chekuita nazvo. Zvakanaka. Kutanga, rangarirai Kristu.

147 Kutanga, sechiNik-. . .ChiNikoraiti, zvino zera revaNikoraiti rakakumbira chii? Rakakumbira kuti ribve paboka iroro revanhu vanoshevedzera nokuombera maoko avo, uye vachiratidzika sevanonyadzisa; sezvavakaita paPentekosti, kuita sevanhu vakadhakwa, vachidzedzereka muMweya, nezvimwe. Vaisada chimwe chezvinhu izvozvo. Vaiti vaive vakadhakwa. Uye apo vane mukurumbira. . .Teererai! Musapotsa izvi. Zvinogona kunzwika sekupenga kwauri, asi iChokwadi. Apo va—vanoremekedzwa pavakatanga kupinda, havana kukwanisa kuzvideredza kwazviri.

148 Chinoita kuti Mwari vave mukuru, imhaka yekuti Vakakura zvekukwanisa kuzvideredza. Ndizvo zvinoVaita kuti vave mukuru. Hapana chimwezve chikuru chinodarika. Uye Vakaderera kwekupedzisira kwekuti chero ani zvake haaigona kuderera, kwekuti hapana kana munhu akambokwanisa kuderera. Vakanga vari Mambo weKudenga, uye Vakauya ku—kuguta rakadereresa kwazvo panyika, Jeriko. Uye Vakadzikira zvakanyanyisa zvekuti kunyangwe murume mupfupisa muguta akatoita zvokuVatarisa pasi, kuti aVaone. Ndizvo here? Zakeo. Ndizvozvo. Akadanwa zita rakaipisisa rati rambodanwa chero munhu anorarama zvake, “muwuki, dhimoni, Bherizebhabhu.” Ndizvo zvakafungwa nenyika pamusoro paKe. Akafa rufu rwehutsinye hwakaipisisa. Akanga asina pekuisa musoro waKe. Akadzingirwa kunze, nesangano rose zvaro.

149 Asi Mwari pavakaMusimudzira, kumusoro-soro kwazvo zvekuti Anotofanirwa kutarisa zasi kuti aone Denga. Munoona kuti sei, Mwari, vari mukuzvininipisa. Maona? Uye VakaMupa Zita guru kwazvo zvokuti mhuri yose yeKudenga inodaidzwa nezita raKe, uye nemhuri yose yepa—panyika. Mhuri yese yepanyika inonzi “Jesu.” Mhuri dzose dziri Kudenga dzinonzi “Jesu.” Uye Zita rakadaro, rekuti, ibvi rose richapfugama, uye rurimi rwose rwuchapupura, kwaAri kuti ndiShe; zvichida pano kana mugehena. Gehena richapfugamira kwariri. Zvinhu zvese zvicharipfugamira. Maona? Asi kutanga kwaive kuzvininipisa, zvadaro rikazove guru. Maona? Regai Mwari vasimudzire. “Uyo anozvininipisa, Mwari vachasimudzira.” Maona?

150 Zvino, tinocheredza mweya uyu we*nikao* waida huchenjeri, hungwaru hwakapfuurira. Wakatozozvishandisira njere, sezvazvaiva muEdheni, kushandisa njere zvichipesana neShoko raMwari, nehuchenjeri, zvino chechi yakabatwa nazvo. Chaiva chii?

151 Zvino, ngatitii, titore chechi ino pano, uye totora boka revanhu sezvatiri, kana wanga usina kunyatsozadzwa neMweya. Uye ngatitorei, toti. . . Zvino, handina hangu chinhu chandinopesana nameya weguta redu. Handifunge kuti ndinomuziva, VaBottorff. Vachiri meya here? Va. . . Handi. . . Maona? Handi. . . VaBottorff ishamwari yangu yakanaka, munoona. Asi, toti, meya weguta, uye nemapurisa ese, ne—nevose vatariri vemitemo, naivo—ivo vose vanouya pano. Chinhu chekutanga munoziva, kana vachingori nechinhu chidiki zvacho mumusoro mavo, uye vanotanga kutaura nebhodhi nevanhu vemunharaunda yepano, uye voti, "Zvino munoziva chii? Ichi chinofanira kuva chakasiyana." Kana musina kuzadzwa neMweya, uye nokuve nemurume chaiye akazadzwa neMweya seri kwepurupiti, chinhu chekutanga munoziva, munenge mava kuvateerera. Zvichida kwete chizvarwa chino; pamwe chizvarwa chinotevera.

152 Uye ndiyo nzira yazvakatanga nayo. Maona? Sei? Vakanga vachiti, "Tarisai pano. Zvine musoro." Iwe, waizoteerera.

153 Toti mumwe murume opinda muno, anogona kutaura kuti, "Chechi ino yakanyanya kuita diki. Ngativakei chechi hombe. Ndichakuvakirai imwe kumusoro kuno, iri. . . ichange iri yemari yakawanda zvakadai, yemadhora hafu yemiriyoni. Ichaiswa imomo. Ndichaisa chinhu chacho panhepfenyuro." Pavanoita izvozvo, ipapo vane chikonzero chakavanda; kazhinji-kazhinji kacho, munoziva, imwe yemhando yakadaro. Chinhu chekutanga munoziva, zvino, kana akadaro, anofambisa zvinhu kuti zvimuringanire iye. "Hapana chaungataure, nekuti Hama John Doe kumashure uko, ndivo vakapa mari yechechi ino." Maona? Zvino mobva matora kamwe kaRicky kadiki kubva mune imwewo seminari, uyo anoziva zvakawanda nezvaMwari sezvinoita muHottentot pamusoro pezvehusiku hwekuEgipita, zvino anozouya ikoko uye achateerera kune muchinda iyeye, nekuti anomutengera motokari itsva nguva dzose, omuita kuti atyaire achitenderera hake, uye omutengera *ichi*, *icho*, ne*zvimwewo*.

154 Zvino, ndiwo chaiwo matangiro azvakaita. Ndizvozvo. Cherechedzai, huchenjeri nehungwaru! Vakati, "Zvino tarisai pano, hazvingove nemusoro here izvi? Zvino, ivo. . . vakadzi vedu—vedu, zvinoita mutsauko wei magadziriro avanoita bvudzi ravo?" Asi Bhaibheri rinoti zvinotova nemutsauko. Kungobvisa chinhu 1 chete ichocho, kunze kwemazana ezvimwe. Maona? Zvinotoita mutsauko. Mwari vakati zvakaita mutsauko, saka utori mutsauko.

155 Asi, munoona, kana vakatanga izvozvo, nebhodhi rematirastii, nemadhikoni nezvimwe zvose, chinhu chekutanga munoziva, mufundisi anopinda kana kuti anobuda. Ndizvo zvoga. Munoona, vanhu ndivo vakazvivhotera. Zvakanaka.

156 Zvino cherechedzai, mweya iwoyo wakatanga kufamba, zvino chechi yakadaro, iyo, ine vakakurumbira vakanyanya mairi, zvinhu zvikuru zvakawanda, uye nemari yakawanda yakatangwa, kusvikira mushure mechinguva vakateerera kwazviri uye vakanyengereka nazvo, mano adhiyabhore.

157 Uye ndicho chinhu chaicho chakaitwa naEvha mubindu reEdheni. Zvino, mononzwa izvozvo. Ndizvozvo. Tarisai, mudzimai wepanyama, mwenga waAdhama, asati auya kwaari semudzimai, wakanyengerwa nezano raSatani raipesana neShoko raMwari, nekushandisa njere paRiri. Adhamu asati ararama naEvha semudzimai, Satani akamutangira ipapo. Ndizvozvo. Makanzwa *Muti WeMwenga*, wandakaparidza nezvawo. Inotaura nezvazvo, munoona. Zvakanaka. Zvino cherechedzai, ipapo, Evha akanyengerwa nekuda kwekushandisa njere. Zvino iye, Satani, akaedza kuRishandisira njere.

Mukadzi akati, "Asi Ishe vakati . . . "

158 Iye akati, "Oo, unoziva, asi zvirokwazvo Ishe havadaro. Maona? Iwe, unoda kuchenjera. Unoda kuziva chimwe chinhu. Handiti, iwe hapana zvauri kunze kwekuva dununu remwana. Maona? Unofanira kuziva chimwe chinhu." Kana asiri Satani iyeye! Oo, ini zvangu!

159 Kana vasiri vamwe veava, vechimanjemanje, munoona, "Oo, vangori boka revaumburuki vatsvene. Usaita hanya navo, munoona. Usaenda . . . Maona?"

160 Zvino, mwenga wepanyama, wekutanga werudzi rwevanhu, murume wake asati auya kwaari, akadonha kubva panyasha, nekuteerera nhema dzaSatani, mushure mekunge Mwari vamuchengetedza seri kweShoko raVo. Kana dai aive akagara kuseri kweShoko, angadai asina kumbodonha. Zvino izvozvo zviri panyama, cherechedzai, mudzimai wepanyama.

161 Uye chii chaiva chituko, chituko chaicho chekubuda kubva kuseri kweShoko raMwari?

162 Zvino rangarirai, akatenda zvingaite zvikamu 98 kubva mu 100 zvaRo. Asi unotongofanira kurega Chinhu chimwe chete chichienda. Maona? Akatenda zvizhinji zvaRo. Oo, zvirokwazvo. Akataura Izvi, zvino Satani aibvumira kuti Zvakanga zvirizvo. Kana akangokwanisa kukuisa pane imwe kona, ndizvo zvega zvaanoda. Maona? Chinhu chete chaunofanirwa kuita kumonyorotsa bara zvishoma nenzira *iyi*, zvino rinozopotsa chipfuro. Maona? Ndizvo zvoga. Zvino, akatenda zvakawandisa zvaRo, asi zvakadaro akazvipotsa.

163 Zvino, uye zva—zvakabudapo, nekuti akasiya Shoko, nekuda kwekadodzi 1 kekushandisa njere.

164 Zvino, unoti manje, "Saka vakadzi vadii?" Kana kuti, "Sei muchida kutaura pamusoro pechinhu chakadaro?" Asi chero

chezvinhu zvidiki izvozvo. "Pane musiyano wei, kunyangwe huri humbowo hwekutanga?" Pane chiripo pazviri! Une . . .

165 Inofanira kutwasanudzwa. Takaita zvekufungidzira paRiri, nemumazera 7 echechi, potse-potse. Asi nguva yasvika apo Mwari vanoRitaura. Zvino haVangoRitaura chete, asi VanoRiratidza, nekuRitsinhira, nekuRisimbisa. Ndizvozvo chaizvo. Kana Vakasazviita, saka havasi Mwari, ndizvo zvoga. Mwari vanotsigira Shoko raVo.

166 Cherechedzai zvino. Zvino, mukadzi wepanyama akakonzera rufu rwepanyama, nekuti akateerera zvekushandisa pfungwa, kuzviita kuve akachenjera, azviite kuve akachenjera pachinzvimbo chekuramba ari kuseri kweShoko achiita zvaakaudzwa naMwari kuti aite. Aida huchenjeri, kuti agochenjera. Zvino ndokuteerera pakushandisa njere, uye—uye akarasikirwa nerudzi rwose rwevanhu. Maona?

167 Zvino, panguva ino, mudzimai wepamweya, Mwenga waKristu akatanga paZuva rePentekosti, neChechi yevaapostora yekutanga, ndokurasikirwa nechinhu chimwe chete paKanzuru yeNicaea. Lee, unoziva kuti ndizvo chaizvo. Uye pa—paKanzuru yeNicaea, paakatsinhanisa hudangwe hwake hwepamweya, kuti atore machechi makuru aConstantine nezvinhu zvaakavapa ikoko, uye akatengesa hudangwe hwake hweMagwaro nekuda kwechitsamha chedzidziso dzechiRoma. Zvino, zvakaomera muKatorike. Asi muProtestanti akaita zvimwe chetezvo, uye anomiririra, muBhaibheri muno, semwanasikana "wechipfeve, wemhombwe." Ndizvozvo chaizvo, mumwe nemumwe wavo! Hapana pembedzo.

168 Asi kubva imomo kwagara kuine vakasara vashoma, nguva dzose, vanogadzira Mwenga.

169 Cherechedzai, akarasikirwa nehudangwe hwake, munoona, murume wake asati asvika kwaari. Maona? Muchato usati wasvika, akarasikirwa nehumhandara hwake.

170 Uye zvino munorangarira imomo, akati, "Ndinogara samambokadzi. Hapana chandinoshaya," imomo muZera iroro reRaodhikia. "Ndakapfuma uye ndine zvinhu zvakawanda, nezvimwe zvakadaro. Uye, oo, nyika yose inotarisa kwandiri. Ndini chechi huru, tsvene, nezvimwe zvakadaro. Isu tiri *zvakadai*," zera rose.

171 Uye Akati, "Hauzivi kuti wakashama, uri bofu, wakasuwa, une nhamo, uri murombo, uye hauzvizive." Ndicho chinhano chacho. Zvino, kana Mweya Mutsvene wakati chinhanho chacho chaizova chakadaro mumazuva ekupedzisira, ndizvo zvazviri! Hapana nzira yekuzvinyenyeredza. Ndizvo zvazvitori.

172 Zvino tarisai. Zvino, paakatengesa hudangwe hwake kumashure uko, kodzero yake yesimba, yeShoko, akaitei? Evha

paakazviita, akarasikirwa nezvisikwa; zvisikwa zvese zvakawira pasi pake.

173 Zvino cherechedzai, zvino chechi payakazviita, kugamuchira dzidziso dzechechi panzvimbo yeMweya neShoko, yakatukisa hurongwa hwose. Hurongwa hwese hwemasangano hwakambovapo, kana huchazombovapo, hwakatukwa pamwe chete nayo, ndokuwa, nekuti hapana imwe nzira.

174 Ukaunza boka revarume pamwe chete, kuti vaburitse chimwe chinhu, mumwe ane musoro neche *uku*, uye mumwe ane musoro neche *uko*, uye mumwe ane musoro *uku*. Uye vanobatanidza zvinhu pamwe chete vozvizunza, uye, kana zvabuda, ndizvo zvamakamuwanira.

175 Ndizvo chaizvo zvavakaita paKanzuru yeNicaea. Ndizvo chaizvo zvavanoita kuMethodisti, Presbyteriani, Church of Christ, nemamwe ose. Uye hakuna munhu, zvisinei kuti Mwari vazarura chii kwaari, unofanira kuzvidzidzisa nenzira inotaurwa nemagwaro avo edzidzo, chitendwa—chitendwa chavo, kana kuti vachakudzingira kunze. Zvino, usandiudze hako. Ndakambenge ndiriko, munoona, uye ndinozviziva.

176 Uye ndizvo chaizvo zvakaitika, saka chinhu chacho chose chakatukwa. Ndosaka mutumwa akati, "Budai mariri, vanhu vaNgu, kuti murege kuva vagoverani pamwe naro pamatenda aro." Nekuti, riri kuzo . . . Rakatukwa, uye rinofanira kutambudzika chituko chehasha dzaMwari pamusoro paro, nekuti rakatengesa simba raro uye nekodzero. Maona? Asi . . . Oo, ini zvangu!

177 Asi, rangarirai. Tichiona chinhano chese ichocho, asi zvakadaro Mwari vakavimbisa, muna Joere 2:25, kana muchida kuzvinyora pasi, "Mumazuva ekupedzisira . . . "

178 PaVakati, "Zvakasiiwa nemuteteni, zvakadyiwa nemupedzachose; zvakasiiwa nemupedzachose, mha—mhashu dzakadya; zvakadyiwa nemhashu . . . " Zvichingodzika, chimbuyu mushure mechimbuyu, zvakauya ndokudya paChechi iyoyo kusvikira pakupedzisira Yakanga isiri chinhu kunze kwechigutsa. Tarisai! Zvakasiiwa nevaRoma, maLutherani akadya; zvakasiiwa nemaLutherani, maMethodisti akadya; uye zvakasiiwa nemaMethodisti, maPentekosti akadya; munoona, kusvikira yapera kuva chigutsa.

179 Uye munozivei? Torai makonye aya ari imomo, mhashu nemupedzachose, nezvimwe zvakadaro, mozvironda zvichidzika nemubhu—bhuku, uye mugoona. Igonye rimwe chetero mumatanho akasiyana chete.

180 Bata nyaya yako. Ndizvo zvakaitawo Zvisimbiso izvi! Ndiwo makonye mamwe chete. Muchariona kana tariburitsa, saka ndinokuudzai zvino. Igonye rimwe chete, nguva dzose. 4 emakonye iwayo; 4 pano. Uye hawo ayo, angori chinhu chimwe

chete. Utori mweya mumwe chete. Zvakasiiwa nerimwe, rimwe rakadya; uye zvakasiiwa ne*iri*, rimwe racho rakadya; saizvozvo, kusvikira aisvitsa pachigutsa.

181 Asi Joere akati, "Ndichadzoreredzazve, ndizvo zvinotaura Jehovha, makore ose akadyiwa nemupedzachose."

182 Chii ichocho? Vachazviita sei; kana zvakatanga, antikristu, nekunge kuri kupesana nedzidziso yaKristu, vakagamuchira dzidziso yechechi panzvimbo yeShoko? Uye kubudikidza nemumakore vamutsiridzi vakapinda mazviri, sekutaura kweBhaibheri.

183 "Asi muzuva rekupedzisira, pakurira . . . " Zvakazarurwa 10:1-7, Akati, "Zvakavanzika zvaMwari zvaizopedziswa mumazuva ekupedzisira, pakuridza kwemutumwa wechinomwe." Maraki 4, yakataura kuti Vaizozviita "Kutumira Eria zuva rakaipa risati rauya panyika, paVachazoipisa sevira remoto. Uye aizodzoreredza, nokudzosazve va—vana paKutenda kwemadzibaba," Kutenda kwepamavambo, kwevaapostora, kwePentekosti kwakavimbiswa kuzodzoreredzwa. Zvino, zvinongova pachena sokutaurwa kwazvakaitwa neGwaro. Zvino zvakavimbiswa. Uye kana tiri mumazuva ekupedzisira, chimwe chinhu chinofanira kuitika. Maona? Uye chiri kuitika, uye tiri kuzviona.

184 Cherechedzai hutatu hwaSatani. Munhu mumwe chete achiuya; angori munyama yemunhu, kubva kune mumwe onova mune mumwe. Ndiwo maitiro akaita zvipembenene izvozvo, makonye iwayo, chimwe kuva chimwe, chaizvoizvo. ChiNikoraiti, "antikristu wepamweya." Papa, "muporofita wenhema." "Chikara," dhiyabhore pachake, munyama. Haakwanise kuzviita . . .

185 Zvino, zvichengetei izvozvo mupfungwa dzenyu zvino, pamunotevera izvi. Muchaona vatasvi ava vachiuya vakananga kwazviri chaiko. Munoona, ndiri kukuisirai mufananidzo pano. Kana dai ndaiva nazvo pabhodhi dema, maigona kuzvinzwisisa zviri nani. Munoona, ndakatarisa.

186 Kutanga, zvino. Imi rangarirai izvi. Chinhu chekutanga chaari, ndiye "mweya waantikristu." Johane akataura kudaro. "Vana vadiki, mweya waantikristu watova kushanda muvana vekusateerera." Munoona, chinhu ichocho chakanga chatotanga kuvamba. Zvino chikabva chava se "chirevo," muzera rechechi rinotevera. Uye zera rechechi rinotevera, chaiva "dzidziso." Uye zera rechechi rinotevera, "chakagadzwa korona." Zvino hazvina kungojeka here sekuverenga chero kupi zvako kwaunogona kuzviverenga? Maona? Munoona, hoyo achiuya.

187 Zvino, kutanga, akadanwa kunzi (chii?) "mweya waantikristu," nekuti aipesana neShoko. Ndizvo zvakazvitanga. Ndizvo chaizvo zvakaita chinhu chacho chose, kwaiva kutsauka kubva paShoko raMwari. Kwete nekuti Evha aigona kunge

akarova Kaini rimwe zuva. Maona? Handizvo zvakazviita. Chinhu chekutanga chakaita nyaya yacho yose, ndechekuti akatsauka achibva paShoko. Akatsauka achibva paShoko. Zvino chinhu chekutanga, chakatanga hupfeve muchechi yaMwari mupenyu, Mwenga waKristu, wakatsauka uchibva paShoko ndokugamuchira dzidziso yeRoma panzvimbo yeShoko raMwari. Chii chakaitika kusangano rese? Rakaita zvimwe chetezvo chaizvo.

188 Zvino, asi vakavimbisa kuti mumazuva ekupedzisira Vachagadzira nzira yekudzoreredza zvakare. Shoko raShe raizodonhera panyika, sezvaVakaita pamavambo, uye, oo, uye rodzoreredza (chii?) icho chakazvitanga. "Kupesana neShoko." Uye muchinda uyu anofanira kuitei kana auya, akazodzwa neMweya waMwari? Anongo "unza Kutenda kwevana kuchidzokera kumadzibaba." Ndiko kudzoreredza kwaAnoita. Uye unowana Shoko rimwe chete iri, riri panzvimbo imwe chete yaRiri *Pano*, Riri kuzoita zvimwe chetezvo.

189 Jesu akati, "Kana munhu upi zvake ari waNgu! Uye uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaaitawo." Zvino vakati vaMukumbira kuita zvimwe zvinhu, Akati, "Ndinongoita izvo chete Baba vanoNdiratidza. Hapana chaNdinoita kusvikira Ndazviona, kutanga. ZvaNdinoona Baba vachiita, ndizvo zvaNdinoitawo. Ivo Baba vanoshanda, iNiwo ndozongoshanda izvozvo." Maona? Hamuzvione here? Handiti, zvakangofanana nekuverenga pepanhau. Maona?

Zvino, zvino, kutanga, tevere, akazova "antikristu."

190 Zvino, haaigona kuva antikristu kunze kwemumweya chete. Zvino, akazova antikristu, uye mweya iwoyo wakatora munhu aidzidzisa zvinhu zvimwe chetezvo izvo zvaiitwa nemweya waantikristu iwoyo, ndokubva azova "muporofita wenhema," kumweya waantikristu. Zvino ko zvakadini kumunhu ari musangano? Zviwanire pako. Handizivi zvaunofunga nezvazvo. Zvakanaka.

191 Zvino, pakupedzisira, anozova "chikara." Zvino mirai, uye tichapinda mazviri mushure mechinguva, munoona. Zvakanaka.

192 Zvino, sehutatu hwaSatani hwakamira saizvozvo; Satani, nguva dzose. Satani, "mweya waantikristu." Mweya waantikristu, uri munyama, "muporofita wenhema." Zvadaro, anova "chikara." Maona? Apo . . . Kwete dhimoni, raiva muna antikristu uyu; asi Satani pachake paanokavirwa kunze, anoburuka otora hutongi paiva nedhimoni racho. Dhiyabhore, zvino, ipapo dhiyabhore ochizobva ava nyama mumunhu. Zviri kungozvidzokorora.

193 Ndizvo zvaiva Judhasi Iskarioti. Uye chii chaakaita? Akanga ari mumwe wemachinda aipesana naKristu here? Handiti, ndiye akanga ari mubati wehomwe, akafamba naYe. Zvirokwazvo.

Akafamba pamwe chete navo. Akaenda kunze uko akadzinga madhimoni, akaita chaizvo zvavakaita.

194 Uye Kristu aive Mwari munyama; Mwari, vagere munyama, Emanueri. Uye Judhasi akanga ari mwanakomana wekurasika. Uye Jesu akanga ari Mwanakomana waMwari. Mwari munyama; dhiyabhore munyama.

195 Vamwe vanhu vanongoona michinjikwa 3 panguva iyoyo. Yaiva iri 4. Paiva ne 3 paGorogota, yatinoona. NdiJesu aiva pakati, imwe mbavha kuruboshwe rwaKe, uye imwe mbavha kurudyi rwaKe.

196 Uye tarisai. Imwe mbavha yakati kune imwe yacho, kana kuti yakati kuna Jesu, "Kana..." Zvino, munoziva kuti ndiYe Shoko. Asi, "Kana uri Shoko, haungazviponese here? Haungaitewo here chimwe chinhu nezvazvo?"

197 Ndizvo zvimwe chetezvo nhasi. Hamuna kunzwa here madhimoni ekare aya achiuya, achiti, "Kana uchitenda mukupodza kwaMwari, *heano* maziso emumwe munhu aya, haungavhure meso avo here?" "Ndirove nehupofu! Ndirove nehupofu!" Dhiyabhore mumwe chete uya wekare. Maona? "Buruka pamuchinjikwa, tigokutenda." "Kana uriwe Mwanakomana waMwari, shandura matombo aya ave chingwa." Dhiyabhore mumwe chete.

198 Iwe ingofamba uchibvapo, munoona. Kwete. Ndiwo maitiro akaita Jesu. Haana kumbobvira akaita zvinosetsa chero kuna ani wavo.

199 Vakaisa chidhende paruoko rwaKe...pameso aKe anokosha, sa*izvozvo*. Zvino vakatora chimuti, ndokuMurova pamusoro wemusoro. Vakati, "Tiudze! Kana uri muporofita, zvino tiudze kuti ndiani akurova." Vakachinjanisa chimuti, mumwe kune mumwe. "Zvino tiudze kuti ndiani akurova, zvino tichatenda kuti uri muprofita." Haana kumbovhura muromo waKe. Akangogara hake ipapo. Maona? Haaite zvekunakidza vanhu. Anongoita sezvinotaurwa naBaba, munoona. Maona? Ndokuvarega vachienderera mberi. Nguva yavo iri kuuya. Musanetseke. Hongu, changamire. Zvino, vakabata hanzu yaKe, havana kunzwa simba.

200 Asi mudzimai mudiki anonzwisa urombo, aive nechishuwo, akangobata hanzu yaKe. Akatendeuka ndokuti, "Ndiani aNdibata?" Uh-huh. Kwaivei? Kubata kwakasiyana. Zvinoenderana nekuti unoMubata sei, munoona, munoona, zvaunotenda. Zvino, mazviona?

201 Zvino, saSatani ari kuzo...akazviisa munyama, kubva kuna antikristu kusvika pakuva muporofita wenhema zvino. Uye mumazuva emuJudha, ndi "antikristu," pakati pechechi yepakutanga. Mumazera erima, akava "muporofita wenhema,"

kune pasi rose. Mamuona here apo ne "mukombe wake wekusarurama"? Zvino, ndezvekuzera rechechi razvino.

202 Asi muzera mushure mekunge Chechi yaenda Kumusha, anobva ava chikara, anobva ava iye dhiyabhore wacho munyama, shato tsvuku pachayo. Oo, ini zvangu! Hamusi kuona here zvandiri kureva? Ari mumitumbi muvanhu vake zvino. Akasunga vanhu vake nesimba rake. Muporofita wenhema uyu akavaporofitira mazviri chaimo. "Kuvapira kune kunyengereka kwakasimba, kuti vatende nhema uye vagoparadzwa nayo." "Vachiramba Shoko; vaine mufananidzo wehumwari."

203 Mwari vanoshanda, nzvimbo yaVo, muhutatu. Kururamiswa; kucheneswa; zvino vozvipinza iVo mumitumbi yevanhu vaVo, nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.

204 Chinhu chimwe chete, dhiyabhore anongori mumufananidzo, mushure Makristu. Oo, Satani anozvipinza munyama pachake . . . Zvino tarisai. Satani . . .

205 Jesu paanoZviisa muvanhu vaKe, Hupenyu chaihwo hwaive muna Kristu hwava mune munhu.

206 Chii chazvingaita kana ukatora hupenyu kubva mumuzambiringa wohuisa mudzinde renhanga? Haraizobereka manhanga zvakare; rinobereka mazambiringa. Ko kana ukatora hupenyu kubva mumuti wemupichisi wohuisa mumuti wemupeya? Waizobereka mapeya here? Kwete. Unobereka mapichisi. Hupenyu hunotaura zvauri. Maona?

207 Kana uchiti, ukanzwa vanhu vachiti vane Mweya Mutsvene, uye vachiramba Shoko iri, pane chinhu chakatsveyama. Mweya Mutsvene ndiwo wakanyora Shoko iroro.

208 Zvino Jesu akataura izvi, "Kana munhu aine Mweya waNgu maari, anoita mabasa aNgu." Munoda kuzviverenga here izvozvo? Munoda kuzvinyora pasi here? NdiMutsvene Johane 14:12. Hongu. Zvakanaka. "Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaaitawo. Kunyange anopfuura aya achaaita, nekuti Ndinoenda kuna Baba." Maona? Zvino Anomuita mutsvene pamwe nekumuchenesa, kuti agone kumira pamberi paMwari. Donhwe reingi iroro rinowira ipapo, romuyambutsira mhiri kwemukaha. Maona?

209 Zvino tarisai. Satani, paanozviisa mumitumbi yevanhu vake, vanoita basa raakaita. Hamuone here? Chii chaakaita? Akauya kumudzimai uya asina mhosva, kuti amunyengere. Uye ndizvo chaizvo zvinoitwa nemamwe madhimoni aya, anouya chaipo panzvimbo zvino oti . . . Mufundisi mudiki anotanga, kunze kune imwe nzvimbo; opinda obva ati, "Oo, kana ukangobatana nesu!" Huh! Huh! Basa rimwe chete radhiyabhore. Zvino, ndicho Chokwadi! Zvino Satani paanova munyama muchechi yake, kuti ave dhiyabhore, zvino ndivo avo vanoita zvekuponda nekuuraya,

nezvimwe zvakadaro. Nokuti, Satani muurayi, kubva pakutanga chaipo; murevi wenhema uye mu . . . Maona? Zvakanaka.

210 Satani anoita sei paanodaro, paanova munyama pakati pevanhu? Ibasa rake rekuchenjeresa. Akachenjeresa. Nzverai Bhaibheri, uye mundiratidze apo Mwari vakamboshanda navananyanjere. Zvitsvagei, muone kana vasiri venjere nguva dzose vanogarwa nemadhimoni. Iri izwi rakakura, asi ichokwadi. Ndinokudenhai kuti mutore dzi—dzinza, kubva kuna Abheri kusvika kuna Kaini; uye, zvizvarwa 14 izvozvo, zvitevedzei, zvino muone kuti ndevapi vaive kudivi revakangwara, uye ndevapi vaiva vakaninipa. Uh-huh.

211 Sei Jesu asina kusarudza vanhu vakadaro? Akawana varedzi vehove uye nevarume vasingatombogone kusaina mazita avo, kuti agovaita vatungamiri veChechi yaKe. Ndizvozvo chaizvo. Huchenjeri ha—hausi chinhu; hu—hunopesana naKristu. Huchenjeri hwemunyika hunopesana naKristu, nguva dzose. Jesu haana kumbotiudza kuti tiende kunovaka maseminari; haAna kumbodaro; kuva nezvikoro zveBhaibheri. Akati, "Paridzai Shoko! Paridzai Vhangeri!" Uye zvakare kana Akati, "Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda," munoona, munofanira kuva ne. . . Nemamwe mashoko, Akati, "Endai munoratidza Simba raMwari, kunyika dzose."

212 Zvino tarisai. Basa raSatani nderekutsveyamisa Shoko raMwari, kune huchenjeri hwekushandisa pfungwa. Oo, ini zvangu! Oo! Anobva aisa vanhu vake munembo, nokuramba Shoko repamavambo. Zvino itai kuti izvozvo . . .

213 Munga—munga—munganditenderawo zvishoma-shoma here, uye muwane izvi? Izvi, handidi kuti mupotse izvi. Regai ndikuratidzei mufananidzo wacho, kuti mugouona wose mumufananidzo nemuShoko, nezvose. Imi—imi hamugone . . . Hamufanirwe kuenda makavhiringidzika.

214 MuTestamende Yekare, kana munhu akanga atengeswa kuhutapwa. Paiuya gore rejubheri, pamakore 50 ega-ega. Gore rechi 49, zvino tevere gore rejubheri. Zvino kana nhapwa yanzwa izvi, uye ichida kuenda yakasununguka, pane—hapana chinhu chinomutadzisa kuenda akasununguka. Anogona kukandira badza rake pasi, uye oti, "bhai-bhai," odzokera kumusha. Hwamanda yarira. Ndizvozvo.

215 Asi kana asingadi kuenda, uye akagutsikana natenzi vake venhapwa, anobva apinzwa mute—te—temberi, uye vanotora muururo. . . Munoziva kuti muururo chii. Zvino vanobvowora nzeve yake, zvino voisa buri panzeve yake. Uye ichi chiratidzo, chekuti haambofa akagona kudzokera. Ndizvo here? Anofanira kushandira atenzi ava nguva dzose. Handina basa kuti jubheri rinoridzwa zvakare kangani, chero zvinoitika. Zvirokwazvo akato—akatotengesa zvachose kodzero yehudangwe hwake, yekuva akasununguka.

216 Zvino kana munhu akaramba Chokwadi cheVhangeri, Satani anomuisa mucherechedzo (pai?) panzeve yake. Anomuita matsi kuti asazonzwa Chokwadi zvakare, zvino atoparara. Anogara neboka raainaro, kana akasanzwa Chokwadi. Kwete.

217 "Muchaziva Chokwadi, uye Chokwadi chichakusunungurai." Munoona, Chokwadi chinosunungura.

218 Mwari vanoisa vaVo mucherechedzo kana vauya. Mwari vanoisa vaVo mucherechedzo nokusimbisa Shoko raVo rakavimbiswa kubudikidza navo. Ndizvozvo chaizvo, Mutsvene Johane 14:12. Uye chimwe chinhu, chamunoda kunyora pasi, Marko 16. Jesu akati, "Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda."

219 Zvino ngatitorei izvozvo, kweminiti. Aiita jee here? [Ungano inoti, "Kwete."—Mupepeti] Aingoreva here va . . . Aingoreva vaapostora chete here, sezvatinoudzwa nevamwe? ["Kwete."]

220 Tarisai. Verengai nheyo yazvo. "Endai mu . . ." Kupi? [Ungano inoti, "Pasi rose."—Mupepeti] "Pasi rose." "Paridzai . . . Evhangeri iyi kune . . ." Chii? ["Chisikwa chose."] "Chisikwa chose." Haisati yatombosvika kana chikamu chimwe kubva muzvitatu chenzira chati chasangana nayo nazvino. "Zviratidzo izvi zvichatevera mune pasi rose, kuzvisikwa zvose, kwese kunoparidzwa Evhangeri iyi. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda," kwete kune vashomanana chete.

221 Semumwe muchinda imwe nguva achindiudza kuti, "Mwari vakapa vaapostora 12 chete zvipo zvekupodza. Uye . . ." Oo! Saka, zhinji dzehama dzakanga dzakagara pano paakasimuka kuti ataure izvozvo, munoona. Akapererwa nazvo, mumaminitsi mashoma.

222 Saka zvino cherechedzai, "Pasi rose, kuzvisikwa zvose, zviratidzo izvi zvichatevera."

223 Usatore mucherechedzo wekusatenda waSatani. Zvino, achauisa pauri manheru ano, kana akagona kuzviita. Achakudzvanyidzira pamadziro, zvino iwe unozobuda woti, "Handizivi nezvazvo."

224 Enda kumba wonoZvinzvera, uye zvakare woperera, pamwe nekunamata. Nokuti, zvose zvakanyanyisa—zvakanyanyisa kuenderana neMagwaro panguva ino chaiyo, awa ino yakayereswa munguva. Zvakanga zvakangodaro kwemakore, zvikaratidzwa, ndokusvika chaiko pazviri. Zvino ino ndiyo awa yacho. Ino ndiyo nguva yacho.

225 Uye zvino usamurega achipfekedzera izvozvo munzeve yako, mucherechedzo wake wekusatenda. Maona? Nokuti, akanga ari uyo asingatendi, pakutanga. AkaRipokana. Zvakanaka. Oo, usatomborega . . . Usamurega achitora Rugwaro, nehuchenjeri hwake, uye—uye oRwumonyorora nekuRwutsveyamisa nehuchenjeri hwake, kuve masimba ekushandisa pfungwa. Iwe

ingova wakaninipa, uye uti, "Mwari vakataura kudaro, uye ndizvo zvoga zviripo kwazviri." Zvino, oo, ngati . . .

226 Tava kuzononokesa, saka zviri nani timirire ipo pano ne—nekutobva tatanga.

227 Zvino ngatiendei kuChisimbiso Chechipiri. Gwayana rakabayiwa, rakamuka parakazarura ichi, zvino chechipiri, Chipuka chakaita semhuru, chakati, "Huya, uone zviri chakavanzika cheChisimbiso ichi." Maona? Zvino tazvibata. Gwayana, rangarirai, rinofanira kuzarura Chisimbiso chega-chega. Uye Chipuka chechipiri . . .

228 Kana mazvicherechedza, mumafambiro ezvatichangopfuura nemazviri, nemazera echechi, zvimwe chete. Chechipiri . . . Chekutanga chaiva shumba; chaitevera chaiva—chaiva . . . chaiva chakaita semhuru, kana nzombe, kana chimwe chinhu, munoona.

229 Zvino Chipuka ichi chakati, "Huya, uone," zvino, uye paya Gwayana parakazarura Chisimbiso. Zvino, ipapo, ndokuenda kunoona. Zvino paakafamba achipinda, chii chakaitika? Ngationei zvaakawana zvino. "Huya, uone." Hecho chakavanzika chakapfigwa pano, changa chiri pano kwemakore 2,000, zvakada kudaro. Ngationei kuti chii.

230 Zvino tinoona pano kuti akaona (chii?) bhiza dzvuku richienda mberi. Zvino, pakunzwisisa kwangu izvi, pakunzwisisa kwangu, munondo mukuru uyu waakanga ainawo muruoko rwake . . . Zvino tine zvinhu zvinenge 3 zvekutarisa zvino, kwemaminitsi angangoita 15, 20 anotevera. Ngatingoverengai tione zvaAnotaura pano. "Zvino kwakabuda . . . " Ndima 4.

> . . . kwakabuda *rimwe bhiza* raiva *dzvuku,* (rekutanga racho ijena): uye *simba* rakapihwa kwaari *akanga akaritasva kuti abvise rugare panyika, . . . kuti vaurayane:* zvino kwakapihwa kwaari *munondo mukuru.*

231 Zvino pane mifananidzo pano, uye tinoda kunyatsoitarisisa nepedyo. Asi, pakunzwisisa kwangu, kwakanakisisa kwandinoziva zvino, munoona, Jesu akafanotaura zvimwe chetezvo muna Mateo 24. Maona? Akati, "Zvino muchanzwa zvehondo nerunyerekupe rwehondo, nehondo chete nerunyerekupe rwehondo, nehondo. Uye, asi," akati, "zvese izvi hazvisati zvavepo. Munoona, nguva haisati yasvika nazvino." Munoona, vakabvunza Jesu mibvunzo 3. Maona? Zvino Akavapindura mumibvunzo 3.

232 Ndipo pakavhiringidzika hama dzedu dzakawanda, vachiedza kuisa . . . Hama dzeAdventisti, pamusoro peaye, zuva rechi 7 nezvimwe zvakadaro, kumashure uko, ma . . . "Nhamo kune mudzimai anopa mwana, anoyamwisa, uye masuwo

achapfigwa nezuva resabata," nezvinhu zvakadaro. Ini zvangu! Hazvinei nemubvunzo zvachose, munoona, kwete zvachose. Maona?

233 Akanga achipindura zvavakabvunza, asi haAna—haAna—haana kuzviisa zvese kumazuva ekupedzisira. Akati, "Muchanzwa . . ." Zvino tiri kushanda pane chinhu chimwe chete ichi pano. Tichauya kune zvimwezve zvacho, muhusiku hushoma. Tarisai. Akati, "Muchanzwa nezvehondo, neguhu rehondo, nezvimwe zvakadaro. Zvino zvese izvi hazvisi . . . Munoona, ipapo vacha—vachadzokera zvakare, ipapo vachakuendesai, nezvimwe zvakadaro sezvizvi. Uye zvese, zvese hazvisati zvagadzirisika nazvino."

234 Asi paAkasvika panguva yaAizotaura navo pamusoro pezvavakaMubvunza nezvazvo, "kuguma kwenyika."

235 "Zvinhu zvose izvi zvichaitika riinhi, apo pachange pasisina kana dombo 1 richasiiwa riri pamusoro? Chiratidzo chichazova chii? Uye kuchauya riinhi, kuguma kwenyika?" Munoona, vakaMubvunza zvinhu 3.

Zvino paAkadzika zasi kune, "Kuguma kwenyika?"

236 Akati, "Pamunoona muonde wotungira bukira rawo, zivai zvino kuti nguva yava pamukova. Uye zvirokwazvo ndinoti kwamuri, kuti, chizvarwa chino hachingatongopfuuri kusvikira zvose zvazadziswa." Kuti uyo asingatendi, asina dudziro, anofarira sei kugara pazviri! Maona? Akati, "Chizvarwa chino," kwete chizvarwa chaAitaura kwachiri, "chizvarwa chakaona muonde uchitungira bukira rawo."

237 Zvino ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Chingo—chingonyatsotarisai chimwe chinhu pano. Israeri zvino, kekutanga mumakore 2,500, yave nyika. Mureza wekaresa pasi rose uri kupepereka pamusoro peJerusarema manheru ano. Israeri iri munyika mayo.

238 Paive neimwe hama pano imwe nguva yaida kuva mumishinari, yakanzwa kuti iende kunoita mumishinari kumaJudha. Ndakati, "Munogona kuwana mumwe apo neapo." Oo, vanhu vanofunga kuti, nyika yose! Kwete, changamire.

239 Israeri inotendeuka senyika, kwete semunhu mumwe. "Nyika ichazvarwa nezuva rimwe." Ndiyo Israeri. "Israeri yose inoponeswa." Ingorangarirai izvozvo. Pauro akataura kudaro kuti, "Israeri yose inoponeswa." Zvino cherechedzai, "Israeri yose." Ndizvozvo chaizvo.

240 Zvino cherechedzai izvi. "Asi," Akati, "kana mukaona muti wemuonde, nemimwe miti yose, ichitungira mabukira ayo." Zvino tarisai. Hapana kumbobvira pava nenguva, kwemakore 2,500, pakambouya Israeri kumusha kwayo. Tine kafirimu kadiki, ke*Maminitsi Matatu Kusvika Pakati*

*Pehusiku*, munoziva. Heyoka zvairi, nyika, nyeredzi ine makona 6 yaDhavhidha, ichibhururuka, nezvimwe zvinhu zvose izvi.

241 Pakambove nenguva here apo masangano akava nerumutsiriro sezvaakaita mumakore mashoma apfuura? Zvino chingozvinzverai. Tiri pamba.

242 Ndepapi pakambobudirira masangano pasi peshumiro yemunhu chero upi zvake, sezvarakaita mune raBilly Graham; maMethodisti, maBaptisti, nemamwe akadaro? Nderinhi pakambova nemunhu, tsvagai muchidzika munhoroondo yenyu, akambobvira akaenda kuchechi yetsika, ane zita rinopera na h-a-m, kumashure? Kungokubvunzai. A-b-e . . .

243 A-b-r-a-h-a-m-a. Zvino tarisai, zita raAbrahama rine mavara 7, A-b-r-a-h-a-m-a.

244 Asi Hama yedu Billy Graham, vane G-r-a-h-a-m, 6, kwete 7. Nyika, ndiyo yavari kushumira kwairi, chechi yepanyama.

245 Chechi yepanyama, aiva Roti, muSodhoma. Zvino muchinda uyu paakaenda zasi ikoko ndokunoparidza, ndokuvapofomadza neEvhangeri.

246 Asi pakanga paine Mumwe Akagara naAbrahama, uye Abrahama akaMudana kuti, "Elohim, Ishe." Zvino Abrahama paakaona 3 vachiuya, akati, "Ishe wangu."

247 Roti paakaona 2 vachiuya, akati, "Madzishe angu." Hoyo musiyano wenyu. Mariona basa renyu rehutatu? Maona?

248 Jesu akati, "Sezvazvakanga zviri mumazuva aRoti." Mazviona here? Cherechedzai. Zviverengei.

249 Zvino, paiva neMumwe akauya kuChechi yepamweya, Mwenga, Abrahama, akanga asiri mu—muSodhoma, pakutanga kwacho. Uyezve tarisai zvaAkaita. Haana kumboparidza sezvavakaita. Akavadzidzisa, asi manje vakavaitira chiratidzo pamberi pavo. Akaita chiratidzo chaMesiya. Akanga akafuratira musana waKe kutende, zvino iYe akati, "Abrahama." Zvino rangarirai, zita rake chairo, mazuva mashoma izvi zvisati zvaitika, rainzi Abrama. Asi Anoti, "Abrahama, mudzimai wako S-a-r-a, aripi?" Mazuva mashoma izvi zvisati zvaitika, rainzi S-a-r-a-i.

Abrahama akati, "Ari mutende, shure kweNyu."

250 Uye Akati, "Abrahama, iNi . . . " Hecho chisazitasingwi chenyu zvakare. "Ndichakushanyirai maringe nevimbiso yandakaita kwamuri." Munoona kuti yaiva chii. Maona? Murume, ane guruva panguwo dzaKe, achidya nyama yemhuru, uye achinwa mukaka unobva pamhou, uye achidya chimodho. Hongu, changamire. Mwari, Elohim, vachiratidzwa munyama!

251 Vakavimbisa, mumazuva ekupedzisira, kuZviratidza munyama zvakare! Cherechedzai.

"Abrahama, mudzimai wako Sara, aripi?"

"Ari mutende, shure kweNyu."

Akati, "Ndiri kuzokushanyirai."

252 Zvino mudzimai uyu, sezvo chaizvo, aiva nemakore hundred ekuberekwa, akaita sekusekera mumoyo; kumashure mutende zvino, seri kwemaketeni mutende. Akati, "Ini, mudzimai achembera." Zvino, zvakanga zvaguma pavari, semurume nemudzimai, kwemakore, munoziva, nekuti akanga ava nemakore 100 ekuberekwa, uye—uye—uye iye aiva nemakore 90. Akati, "Izvozvo hazvimbofa zvakaitika."

253 Zvino Vakati, "Ko mudzimai asekei?" Fiyuu! Nemusana waKe wakafuratira tende, "Sei aseka, achiti, 'Zvinhu izvi zvingaitika sei?'" Munoona, Akamuratidza chiratidzo.

254 Zvino Anovimbisa kuti izvi zvichadzokorora panguva yekupedzisira, zvakare.

255 Zvino varume 2 vakadzikako vakanoparidza Shoko, ndokuvaudza kuti vabude kubva imomo; nzvimbo yacho yanga ichazotsva, nezvimwe zvakadaro. Uye yakatsva. Roti ndokudzedzereka achibuda; chechi yepanyama, iri zasi muzvivi, nemumatope, asi zvakadaro vachinetseka muzvirongwa zvavo zvemasangano. Asi Mwenga . . .

256 Murume 1 Uyu haana kumbobvira akaenda kwavari. Akaenda chete ndokudana vemhando yeMwenga. Zvino tiri mumazuva ekupedzisira. Maona? Zvino cherechedzai.

"Mati apa, 'Mwari, vakaratidzwa munyama'?"

257 Jesu akati, pachaKe, "Ko munoNdipomera mhosva sei?" Akati, "Hazvina here kunyorwa muBhaibheri renyu, mirairo yenyu, kuti ivo, vaporofita, avo vakavingwa neShoko raMwari . . ." Jesu akati, "Shoko rakauya kuvaporofita," nekuti Akanga ari muMagwaro pazvinhu zvose. Akati, "Zvino, Shoko raMwari rinotaura, kuti, 'Shoko rakauya kuvaporofita.' Uye makavadana kuti 'vamwari,' nekuti Shoko raMwari rakauya kwavari." Akati, "Zvino muchaNdipomera sei kana Ndichiti Ndiri Mwanakomana waMwari?" Nemurairo wavo ivo, Akavasona miromo. Hezvoka izvo. Maona?

258 Zvino tave papi? Tave panguva yekupedzisira. Zvino nyatsoteererai zvino.

259 Zvino tinoona kuti kuchava nehondo neguhu rehondo. Uye zvino tinoona kuti muonde watungira mabukira awo. Uye mimwe miti yatungira mabukira ayo. MaMethodisti, maBaptisti, maPresbyteriani, navose, vakatungira mabukira avo, rumutsiriro rukuru rwuchienderera mberi.

260 Zvino ndinotenda kuti Mwari vari kuunganidza Mwenga kuitira nguva iyoyo yekupedzisira, Vasanangurwa. Oo, ini zvangu! Zvino cherechedzai.

261 Ngatirangarirei zvino izvo Johane akaona, kareko, pamusoro pezvinhu izvi zvaakaona. "Bhiza dzvuku; uye nemutasvi waro akabuda achienda, simba rikapihwa kwaari rekuuraya nemunondo mukuru." Zvino hechino chizaruro changu pamusoro pacho. Uyu ndiSatani, zvakare. Ndidhiyabhore, zvakare, mune chimwe chimiro. Zvino, tinoziva kuti—kuti Zvisimbiso zvine chekuita . . . sezvandakataura humwe husiku. Uye hwamanda dzine chekuita ne—ne—ne—nehondo dzemunyika, munoona, pakati pevanhu, pakati pemarudzi. Asi munoona, pano, kuti murume uyu ane munondo, saka ane chekuita nechechi, hondo yezvematongerwo enyika. Zvino munogona kusazvifunga, asi ingozvitarisai kweminiti, kwemaminitsi mashoma.

262 Cherechedzai kushanduka kweruvara rwemabhiza aya. Mutasvi mumwe chete; kushanduka kweruvara rwemabhiza. Zvino bhiza imhuka. Uye mhuka, muBhaibheri, pasi pemufananidzo, inomiririra simba. Hurongwa humwe chete hwakatasva pane rumwe ruvara, simba, kubva pane jena risina mhaka kusvika kune dzvuku rizere neropa. Maona? Mutarisei zvino, kuti ari kuuya sei.

263 Paakatangisa, aingova, saka, aingova dzidziso duku mu—mu, pakati, inonzi chiNikoraiti. Zvechokwadi, haaigona kuuraya chero chinhu. Ndiyo Zvakazarurwa 2:6, kana muchida kuinyora pasi. Haaigona kuuraya chero chinhu. Inongova dzidziso, mweya bedzi waive pakati pevanhu. Zvino, hapana chaaizouraya. Oo, akanga asina kana mhaka, akatasva bhiza jena iri. "Zvino, munoziva, tinogona kuva nechechi huru yepasi rose. Tinogona kuidaidza kuti chechi yepasi rose." Vachiri kudaro. Zvakanaka. Maona? Zvino, "Taigona kuva . . . " Oo, haina kana mhaka zvachose. Uye, oo, haina kana mhaka. "Rinongova boka revanhu. Tose tichaungana pamwe chete kuti tiwadzane." Munoona, harina kana mhaka; ijena, bhiza jena raiva rakadaro. Maona?

264 Zvino, saka varemekedzwa, uye nevanopfeka zviri nani, uye nevakadzidza, munoziva, vakaita sedzinofura nzivani, munoziva, "Tichadaro—tichaita sekuunza zvinhu pamwe chete. Zvino boka iroro rinonzwisa tsitsi, manje, kana vachida kudzadzarika zvavo vachifamba, saka, zvakanaka, asi isu—isu—isu tichawana boka riri nani rinouya kuchechi kwedu. Kana tikangokwanisa kuzvibvisa pano, ticha—tichava bo—tichava boka remaMason, kana zvimwe zvakadaro, munoziva. Ticha—tichangoita kuti zvinhu zvacho zvigadziriswe, kana, maOdd Fellows," sezvavari. Uye saka zvino . . . Kwete Odd Fellow Lodge zvino, asi munoziva zvandiri kureva. Saka, hazvinzwisisike kumutendi chaiye. Zvino, asi, neimwe nzira, nemamwe mazwi, "Tinoda kaboka kadiki, kachikwata kadiki katinogona kudaidza kuti kedu." Ingori dzidziso, isina kana chipomerwa. "Hama, handiti, hatina chinhu chatinopesana nemi vanhu, zvirokwazvo kwete. Makanaka henyu, asi, munoziva,

isu tinonzwa kuti—kuti tine bhizimu uye ese. . . Isu, tingave tiri nani kana tikangobatana isu pachedu pamwe chete." Maona? Pakupedzisira zvakadzika kusvikira zvazoitika, hongu, changamire, kuuya pamwe chete.

265 Asi kana mweya wakashata uyu, unonyengera (oo, imi wee!) wava munyama, mumweya uri munyama; uyu mweya wedzidziso wakava munyama, kuti utore nzvimbo yaKristu, uchipinda mumunhu. Unofanirwa kuti unamatwe, wochibva, washanduka kuva unonamatwa saKristu. Nemamwe mashoko, kumusoro kuVatican. . . Ndakambova ikoko chaiko. Kwakanyorwa kunzi, "VICARIVS FILII DEI," uye zvakanyorwa nemanhamba echiRoma. Zvino, ingotara mutsara kuzasi kwenhamba idzodzo dzechiRoma. Uye zvinoreva kuti, "Panzvimbo yeMwanakomana waMwari." Iye, nemamwe mashoko, ndiye mumiririri. Munoziva kuti mumiririri chii; anongotora nzvimbo yechimwe chinhu. Ndiye mumiririri, "Panzvimbo yeMwanakomana waMwari."

266 Uye Bhaibheri rakati, "Uyo ane chipo chehuchenjeri ngaaverenge nhamba dzechikara, nekuti inhamba yemunhu. Zvino nhamba yake ndi 666." Zvino, torai VICARIVS FILII DEI, wotara mutsara, nenhamba dzechiRoma; "V" anoreva 5, uye "I" anoreva 1. . . Zvino sanganisa svomho dzacho, uone kana usina 666.

267 Bhaibheri rakati, "Anenge akagara mutemberi yaMwari, achinamatwa saMwari." Dzidziso diki iyoyo painova nyama, inova mumiriri, "Panzvimbo yeMwanakomana waMwari." Maona? Oo, ini zvangu! Mweya uyu wakaipa, unonyengera! Kana muchida kuzviverenga, verengai muna VaTesaronika vechipiri 2:3, uye munogona kuona pazviri.

268 Uye, zvamazvirokwazvo, mucharangarira kuti Satani ndiye musoro wesimba rose rezvematongerwo enyika, enyika yese zvayo. Vangani vanozviziva izvozvo? Munoda kuzvinyora pasi here? Mateu 4:8, "Satani akatora Jesu akamukwidza kumusoro mugomo refu, uye akaMuratidza humambo hwose hwepanyika, hwakambovapo kana huchazombovapo, munguva pfupi." Taura nezvemunhu! Akati, "Ndichahupa kwauri, kana ukandinamata." Zvino Jesu aiziva kuti Aizova mugari wenhaka yahwo.

269 Ndizvo zvavanotaura, "Manje, imi boka revaumburuki vatsvene vanonzwisa tsitsi!"

270 Handiti, tinowana nyika! "Vanyoro ndivo vachagara nhaka yenyika." Ndizvo zvakataurwa naJesu. Maona? Maona?

271 Cherechedzai, Jesu aiziva kuti Aizova mugari wenhaka yahwo, saka Akati, "Ibva pano, Satani. Zvakanyorwa," akabva adzoka neGwaro zvakare, munoona, "'Uchanamata Jehovha, uye Iye oga.'" Maona?

272 Zvino—zvino apo—apo iye, sezvo ari iye mukuru wemadhimoni, ari munyama yemumunhu uyu wepamusoro-soro, wezvinamato, sezvinofanotaurwa neBhaibheri, zvino anobatanidza chechi yake nenyika. Masimba ake ari maviri anobatana pamwe chete. Maona?

273 Pakabuda mweya waantikristu, waiva uri mweya. Ukazobva wava chii? Wakazova ipapo . . . Zvino tarisai Chisimbiso ichi. Mweya wacho pawakaenda, waiva antikristu, uchipesana nedzidziso yaKristu. Zvakanaka. Chinhu chinotevera chakaita . . . Izvo Kristu akarongera kuti Chechi yaKe iite, Yaipesana nechivi. "Oo, haZvireve izvozvo. HaZvireve izvozvo. Zvanga zviri zvemumwewo munhu. Izvozvo, ndezvekare makore 100 apfuura, kumashure uko. Izvozvo, izvozvo hazvisi zvedu." Maona? Izvozvo, munoona, *anti*, "kupesana." Zvino zvakava . . .

274 Zvino, mutasvi akabuda, iye—iye akanga asina korona, asi akaipihwa imwe. Bhiza riya jena; akanga aine uta, asina miseve. Maona? Saka zvino paakaenda . . .

275 Zvino, mushure mechinguva, akapiwa korona, nekuti haugoni kuisa korona pane musoro wemweya. Asi, apo, mweya uyu pawakava munyama mubasa rechipiri renguva yake—yake yekusanzwisisika kwake, basa rechipiri, akazova muporofita wenhema, akapfekedzwa korona, pakushanda kwemweya waantikristu. Zvino, tinomuona ipapo, zvino. Zvino anova izvozvo, paanoitora. Zvino, iye ari, neche kare, Satani anotungamira masimba ezvematongerwe enyika dzepasi rose.

276 Zvino anosvika panzvimbo yekuti ari kuzoita simba rechechi yepasi rose, achitora simba rechinamato. Zvino hamunzwisise here, hama dzangu, kuti mune . . . Apo, nyika ino inoonekwa muchitsauko 13 chaZvakazarurwa, mhuka duku iyi yakasimuka segwayana. Uye ine nyanga 2, simba rehurumende nerechechi, asi yakaita zvimwe chetezvo zvakaitwa nechikara chakamutangira.

277 Zvinoshamisa, America inhamba 13, uye iriwo mudzimai. Zvinoshamisa, inoonekwa kunyange muchitsauko 13 chaZvakazarurwa. Takatanga nemitsara 13 pamureza, nyeredzi 13. Zvose zviri "13, 13, 13, 13," nzira yose zvichidzika. Zvose zviri "mukadzi, mukadzi, mukadzi," nzira yose zvichidzika.

278 Uye pakupedzisira ichazoguma, (ndinofanozvitaura), mumwe mukadzi achaitonga. Rangarirai, aiva makore 30 akapfuura, ndakazvitaura. Uye—uye—zvinhu 7 zvandakafanotaura, 5 zvacho zvakatoitika. Uye vakawana murume wacho ipapo zvino kuti agounza mukadzi uyu. Uye makazvivhotera, kuburikidza nezvematongerwo enyu enyika. Hongu. Huh! Zvakanaka.

279 Zvakawanda kwazvo zvekutaura, hautokwanisi kusvika pauri kuda kusvika. Cherechedzai zvino. Handizokuchengetai

asi kwechinguva chidiki, kana ndichifanira kuti ndipfuurire mberi mangwana manheru.

280 Tarisai. Cherechedzai. Apo Satani . . . Zvino, munhu wose, uyo, anocherechedza kuti Satani ane hutongi hwemasimba ose ezvematongerwo enyika dzepasi rose. Akataura kudaro. Mateo chitsauko 4, iwanei, uye ndima 8. Humambo hwose ndehwake. Ndicho chikonzero vachirwa, hondo, kuuraya. Zvino rangarirai.

281 Hazvishamisi here? Vakapihwa munondo uyu, kuti vaurayane. Oo, oo, oo, ini zvangu! Cherechedzai zvino.

282 Zvino, paakaita izvozvo, akanga asati ava nesimba rechinamato. Asi akatanga imomo nedhimoni redzidziso yenhema. Zvino dzidziso iyoyo yakava dzidziso yechechi. Dzidziso iyoyo yakapinda munyama mumuporofita wenhema.

283 Uye ipapo akabva angoenda panzvimbo chaiyo. Haana kumboenda kuIsraeri, zvino. Akaenda kuRoma; Nicaea, Roma.

284 Kanzuru yakaitwa, uye vakasarudza bhishopi mukuru. Uye zvakare, nekuita izvi, vakabatanidza chechi nehurumende pamwe chete. Ipapo, akabva akandira pasi uta hwake. Akaburuka pabhiza rake jena. Akatasva bhiza rake dzvuku, nekuti anogona kuuraya chero munhu asingawirirane naye. Hecho Chisimbiso chako. Muchinda mumwe chete! Mutarisei achikwira achipinda muZiendanakuenda uko, naro, munoona, achibatanidza masimba ake ari maviri pamwe chete.

285 Zvimwe chete zvavari kuedza kuita iko zvino, zvimwe chete, nhasi. Uye chinhu chinoshamisa, pamwe hamuchinzwisise. Asi, nhasi, kubva kuboka reBaptisti muLouisville . . . Makazvinzwa pawairesi. Mumwe mutauri akasimuka uye . . . Vangani vakazvinzwa? Ndizvozvo. Maona? Zvakanaka, hezvoka izvo. Vanoda, uye vakabvunza muchechi zvino, kuti, “Hatisungirwi chaizvo kuita, oo, kungoita sekujoinha chechi yeKatorike, asi tinofanira kungoita sekuyanana navo.” Kuva . . . Uye, panguva imwe chete izvi zvichiitika muLouisville, mhiri kuno Mwari vari kubhedhenura Zvisimbiso kuvanhu vaVo, kuzviratidza, “Musazviita!” Muri kuona here vaviri vachishanda pamwe? Rangarirai, gunguwo nenjiva zvakagara padanda rimwe chete, muareka. Chokwadi. Ingorangarirai.

286 Zvino tinoona kuti, anobatanidza simba rake, zvino, paakava zvose hurumende nechechi, zvevafundisi. Zvino muchaita sei? Anoumba chitendero chake iye. Uye zvino anogona kuita chero zvaanoda kuita. Zvino, ane kodzero yekuuraya ani naani asingabvumirane naye. Ndizvo chaizvo zvaakaita, zvakare. Uye akaita izvozvo chaizvo. Uye izvo iye—iye . . . Akazviita kuvatsvene vechokwadi vaMwari mupenyu, avo vakachengeta Shoko uye vaisabvumirana naye padzidziso dzake dzechechi. Akavauraya.

287 Zvino, Hama Lee Vayle, nemi vadzidzisi pano vezera reNicaea uye nechechi yekutanga, Handizivi kana makaverenga izvi kana kuti kwete. Kana muchida kuzviverenga, imi pindai mu*Glorious Reformation* yaSchmucker.

288 Uye munozviwana, kuti, Mutsvene Augustine wekuHippo paakava muprisita pasi pechechi yechiRoma, akawana mukana, kusvikira imwe nguva Mweya Mutsvene wakaedza kuuya paari, zvino iye akaUramba. Vangani vanozviziva, semudzidzisi? Saka, akaramba Mweya Mutsvene. Ndizvozvo chaizvo zvaive zviri, mufananidzo wechechi yechiProtestanti nhasi uno, yakaramba Mweya Mutsvene. Akadzokera zasi kuHippo, uye ndiye wacho akatosaina izvozvo, bepa riya raive rine, "Chizaruro chakabva kuna Mwari, kuti zvakanga zvakanaka uye zvaifadza Mwari, kuuraya munhu wese akange asingatenderane nechechi yeRoma Katorike."

289 Zvino teererai. Ndiri kutora kubva munhoroondo yevakaurairwa chitendero, "Kubva panguva ya—yaMutsvene Augustine wekuHippo, kusvikira 1586," pavanhu vakaurairwa chitendero nechechi yeRoma, "chechi yeRoma Katorike yakauraya maProtestanti 68,000,000." Munondo wake waiva mutsvuku here? Akanga akatasva bhiza dzvuku here? Chaiva chii? Simba rimwe chetero; mutasvi mumwe cheteyo. Hecho Chisimbiso. Vanobvuma, "68,000,000," pane vakafira chitendero, tisingaverengere avo vose vakauraiwa zvaive kunze kwaizvozvo. Oo, nhai vedu! Mumazera erima, kwaiva nemamiriyoni akadyiswa kushumba, uye vakaurayiwa nenzira dzose, nekuti vaisapfugamira dzidziso iyoyo yechiKatorike. Munozviziva izvozvo.

290 Muchine nguva yakareba zvakadii? [Ungano inoti, "Nguva yakawanda. Husiku hwose."—Mupepeti] Zvakanaka. Regai ndiverenge chimwe chinhu. Vhurai neni zvino, regai ndikuratidzei chimwe chinhu. Ngati—ngatitorei mufananidzo wechinhu ichi, kweminiti chete. Zvangoitika kuti zvauya mupfungwa dzangu, zvino tichangozviverenga. Ngativhurei kuna Zvakazarurwa, kuchitsauko 17 chaZvakazarurwa. Tichiri nemaminitsi 15 asara. Zvakanaka. Zvino nyatsoteererai, kwazvo zvino, patiri kuverenga. Imi mune maBhaibheri enyu movhura, ndichakupai nguva shomanana bedzi, kuti mupawane.

291 Mapawana here, Lee? Mune raSchmucker ndimo mandakazviwana, munoona, *Glorious Reform*, zvakatorwa kubva mubhuku revakaurairwa chitendero neRoma, paVatican.

292 Zvino, zvakadzika kusvika kune kutambudzwa kwevanhu vaMutsvene Patrick. Uye vochibva vadaidza Mutsvene Patrick kuti musande wavo—wavo. Huh! Mutsvene Patrick akanga ari muKatorike sezvandiri; uye munoziva kuti ndiri zvakadini. Maona? Iye—iye aivenga dzidziso yechechi. Akaramba kuenda kuna papa. Hongu, changamire. Mutsvene Patrick kunyange . . .

Nhai, imi, makamboenda kumusoro kuNorthern Ireland, kwaaive nezvikoro zvake? Munoziva, zita rake rakanga risiri Patrick. Vangani vanoziva izvozvo? Zita rake ainzi Sucat. Ndizvozvo. Akafirwa nehanzvadzi yake diki. Munorangarira pavaka . . . Maona? Zvakanaka.

293 Zvino cherechedzai, chitsauko 17 chaZvakazarurwa. Zvino munhu wese ingoedza kuvhura moyo wako. Rega Mweya Mutsvene ukudzidzise zvino.

> . . . *mumwe wavatumwa vanomwe vakanga vane— vane ndiro nomwe* dzematenda *akauya* kwandiri, . . .

294 Zvino, munoona, pane Ndiro 7 dzematenda. Munoziva, zvinomwe-zvinomwe izvi, patiri kupfuurira, zvose zvinoitika panguva imwe chete; zvichitevera Matenda, zvichitevera mazera echechi, zvimwe chetezvo, nekuti zvose zvakanamirwa muBhuku 1 iroro, zvose. Uye zvinhu zvose zvinongoitika mukutenderera; chimwe chinonyatsopinda mune chimwe, uye nechimwe, nechimwe. Kune mweya 2 iri kushanda; Mwari, nadhiyabhore. Maona?

> . . . *vakanga vane ndiro nomwe* dzematenda dzekupedzisira, zvino akataura neni, achiti . . . *Uya* pano; ndichakuratidza . . . kwauri *kutongwa kwemhombwe huru inogara pamusoro pemvura zhinji:*

295 Zvino tarisai pano, apa, kuti, "mvura."

296 "Mhombwe," chii ichocho? Uyu mukadzi. Haagone kuva murume. Uye mukadzi anofananidzirwa nechii muchechi, muBhaibheri? Chechi. Sei? Mwenga waKristu, nezvimwe zvakadaro; munoona, mudzimai, chechi.

297 Zvino, "mvura," zvinorevei izvozvo? Tarisai pano. Verenga ndima 15 yazvo ipapo.

> *Zvino* akati *kwandiri, Mvura yawaona, inogarwa nemhombwe, ndivo vanhu, . . . vazhinji, . . . marudzi, nemitauro.*

298 Chechi iyi yakanga ichitonga pasi rose, munoona, "Yakagara pamusoro pemvura zhinji."

> *Madzimambo enyika akaita upombwe nayo,* hupombwe hwepamweya (vachitora dzidziso yake, dzidziso yechiNikoraiti), *navanogara panyika* vakadhakwa *newaini yo*upombwe *hwayo.*

299 Vakomana, mungataura pamusoro peboka rakadhakwa, nayo! Iwe . . .

> Naizvozvo akanditakura *kurenje mumweya: ndikaona mukadzi . . .*

300 Uye maiziva kuti chii here? Zvinyorwa zveKatorike zvinobvuma kuti iyi ichechi yavo. Vangani vanozviziva?

Muzvinyorwa zvavo chaizvo. Ndine *Facts Of Our Faith*, inonzi, zvino, munoona; ndeyemuprisita. Zvakanaka. Zvakanaka.

> Naizvozvo akanditakura *mumweya kurenje: ndikaona mukadzi* agere pamusoro pe*chikara* chakapfeka zv*itsvuku, chizere namazita okumhura, chiine misoro minomwe nenyanga gumi.*

301 Zvino chingotarisai icho, chiratidzo ichocho, iyo "misoro 7." Zvino munoona pano paRakati, "Uye—uye—uye . . . Misoro yawaona ndizvo zvikomo 7 panogara mukadzi uyu." Roma inogara pazvikomo 7. Maona? Zvino hapana kukanganisa pazviri, munoona, "Misoro 7." "Nenyanga 10," munoziva, humambo 10, nezvimwe zvakadaro.

> Zvino *mukadzi akanga akapfeka* zvepeporo . . . ruvara rwutsvuku, . . . akashongedzwa mu*ndarama namabwe anokosha . . . mapera, nomuruoko rwake makanga muine* kapu *yendarama izere* chinyangadzo—chinyangadzo che*tsvina youpombwe hwake:*

302 Mweya iwoyo waantikristu, "hupfeve," munoona, "dzidziso," kuitira Mwari hupombwe ihwohwo. Maona? Zvino, anofanira kunge ari Mwenga, munoona; asi achiita hupombwe. Maona? Sezvakangoita Evha, sezvinongoita chechi uko. Maona?

> Zvino pamusoro wake pakanga pakanyorwa, *zita* rakanyorwa, *BHABHIRONI GURU,* RAKAVANZIKA, . . .

303 Uye chero ani zvake anoziva kuti, "BHABHIRONI" iRoma.

> . . . *MAI VEMHOMBWE NEZVINONYANGADZA ZVENYIKA.*

304 Zvino teererai kundima 6.

> Zvino *ndakaona mukadzi* akadhakwa *neropa revatsvene, uye neropa* revakafira *Jesu:* zvino pandakamuona, ndakashamiswa *nokushamiswa kukuru.*

305 Aiva chinhu chakanakisa kwazvo, aine michinjikwa nezvose paari! "Ko angagova sei chaizvo aine mhosva yekunwa ropa revatsvene?" Zvakamushamisa. Zvino iYe ari kuzomuudza.

> Zvino *mutumwa akati kwandiri, Washamiswa neiko?* Ndichakuudza *chakavanzika chomukadzi, ne . . . chikara* chakamutakura, . . .

306 Zvino, izvi hazvisi pasi pechimwe cheZvisimbiso. Izvi ndezvimwewo zvinhu, munoona.

> Uye akati . . . *misoro minomwe nenyanga gumi.*
>
> *Chikara . . . chawaona chaivapo*, uye *hachichipo;* uye chichakwira chichibuda *mugomba* risina hwaro (harina nheyo, papa), uye chichaenda *kundoparadzwa:* uye avo *vanogara* pa*nyika vachashamiswa,* vane *mazita*

> *avo* asina *kunyorwa mubhuku roupenyu* reGwayana, (havo Vasanangurwa, munoona), *hupenyu kubva* pakuvambwa *kwenyika,* . . .

307 Sei, zita rako rakaiswa muBhuku reHupenyu riinhi? Parumutsiriro rwuya kwawakaenda? Kwete, changamire. "Kubva pamavambo enyika."

> . . . pavakaona *chikara chaivapo,* . . . chisisipo, uye chiripo.

308 Munoona, "chikara," chimwe chinofa, chimwe chacho chotora nzvimbo yacho. "Aivapo; akanga asisipo. Aivapo; akanga asisipo. Aivapo; akanga asisipo." Uye achapinda chaipo pakuparara, nenzira iyoyo. Maona? Zvakanaka.

> Zvino hepano—zvino hepano *panokufunga kune* uchenjeri.

309 Vangani vanoziva kuti kune zvipo 9 zvemweya, uye chimwe chazvo huchenjeri? Zvakanaka.

> *Misoro minomwe ndiwo makomo manomwe, anogarwa nomukadzi.*

310 Oo, unotofanira kunge uri bofu zvachose, matsi uye nembeveve, kuti usazvibata izvi. Maona? Zvakanaka.

> . . . pane *madzimambo manomwe: vashanu vakawa*, asi mumwe ndi (Nero), uye . . . mumwe *agere kusvika;* uye *kana akasvika*, *anofanira kugara chinguva chiduku* chete.

311 Munorangarira zvaakaita. Akapisa guta, akapomera nhosva yacho kuMakristu. Ndokusungirira amai vake padanda rebhiza ndokuvazvuzvurudza mumigwagwa. Ndokuridza rudimbwa, apo Roma yainge ichitsva. Zvakanaka.

> Uye *chikara chaimbovapo,* uye *chisisipo,* kunyangwe iye *ndiye wechisere,* . . .

312 Roma yechihedheni, yakapinzwa muchiRoma chanapapa. Apo mweya waantikristu wakava munyama, uye akapfekedzwa korona, akaitwa mambo weRoma akapfekedzwa korona, zvose muhurumende nemuchechi, pamwe chete. Oo, hama! Munoona, yakangozara nazvo. Maona?

> . . . *ndiye* . . . wechinomwe, uye anoenda . . . (Anogara nguva yakadii? Havamboshandure hurongwa hwacho.) . . . kunoparadzwa.

> . . . *nyanga gumi dzawaona ndiwo madzimambo gumi, achigere kupiwa* humambo hwamadzimambo; *asi vachapiwa simba samadzimambo nguva imwe pamwe chete nechikara.*

313 Ndivo vatongi vanodzvanyirira, munoona, hongu. "Ava vane pfungwa imwe chete." Zvino, tarisai pano. Uye vanotaura nezvecommunism. Maona?

> *Ivo vane* pfungwa imwe, uye vachapa *chikara simba* nokukwanisa *kwavo*.
>
> *Ava vacharwa neGwayana,* zvino *Gwayana richavakunda: nokuti iro ndiIshe wa*ishe, *naMambo wamamdzimambo: naivo vanaro* vanodanwa kuti,. . . vasanangurwa, uye *vakatendeka*.
>
> *Zvino* akati *kwandiri, Mvura yawaona, inogarwa nemhombwe, ndivo vanhu,. . .vazhinji,. . .marudzi, nendimi.*
>
> . . .*nyanga gumi dzawaona* dziri pa*chikara, ndivo vachavenga mhombwe,* zvino sungano iyoyo inoputswa. . .(Ndakataura nezvazvo manheru apfuura.) . . .uye *vachaiparadza nokuitorera nguo,* uye *vachadya nyama yayo, nokuipisa nomoto*.

314 Hamuzivi here kuti Bhaibheri rinotaura kuti vafambisi vengarava, nezvimwe zvose, vakati, "Yowee, yowee, guta guru riya! Rasangana sei nekuparadzwa kwaro muawa 1!" Maona?

> *Nokuti Mwari* aisa *mumwoyo yavo kuti* vazadzise kuda *kwake,* uye nokutenderana, uye *vape* humambo *hwavo* ku*chikara, kusvikira* shoko ra*Mwari* razadziswa.
>
> . . .*mukadzi wawaona ndiro guta guru* riya, *rinobata ushe hwamadzimambo* ose *enyika*.

315 Ndiudzei rimwe. Russia haitongi pamusoro pevose. Hatitongi pamusoro pevose. Kuna mambo mumwe chete anotonga pamusoro pevose. . .sesimbi yedare iya yaNebhukadhinezari iri kubuda muzvigunwe zvose izvozvo zvetsoka. Ndiyo Roma. Roma haizviite senyika; inozviita sechechi. Nyika dzese dziri pasi pedenga ndedzeRoma.

316 Ndosaka vakati, "Ndianiko angaita hondo naye?" Anogona kuti, "Rugare," [Hama Branham vakaridza minwe yavo—Mupepeti] zvobva zvatopera. MuKatorike wese anoti, "Kuti, 'Musarwe,'" uye—uye havarwe. Ndizvo zvoga. "Ndiani anokwanisa kuita zvaanogona kuita?" Hapana. Ndizvozvo. "Saka vanoshamisika nezvishamiso zvaanogona kuita." Anogona kumisa hondo. [Hama Branham vakaridza minwe yavo.] Chinhu bedzi chaanofanira kuita kungoti, "Mirai." Ndizvo zvoga. Asi unofunga kuti achazviita? Kwete zvemazvirokwazvo.

317 Cherechedzai, zvechokwadi zvinoratidza kuti, "Vanofanira kuurayana. Vanofanira kuurayana." Uta hwake hwakanga husina miseve, pakutanga, asi "munondo mukuru" wake wakazviita. Akauraya, gare-gare, ndokushanduka kubva pabhiza jena kuenda pabhiza dzvuku; mumwe chete, chaiye, dhiyabhore, aine munondo wake.

318 Jesu akataura kuti chii? Jesu akati, "Avo vanotora munondo vachaparadzwa nawo." Usarwe uchidzorera. Maona? Jesu,

husiku ihwohwo paAkataura, akazvitaura izvozvo, Petro ndokutora munondo wake. Maona? Ingoita sezvaAkaita, ingoenderera mberi.

319 Zvino, zvino rangarirai, ane munondo. Ari kuenda, akabata munondo muruoko rwake; akatasva, bhiza dzvuku, achichakwaira nemuropa remunhu wese asingawirirane naye.

320 Zvino mazvinzwisisa here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Vangani vanonzwisisa kuti Chisimbiso ichocho chii zvino? ["Ameni."] Zvakanaka. Zvino, Jesu akati chii? "Avo vanotora munondo vachaparara nomunondo." Ndizvo here? Zvakanaka. Zvakanaka. Mutasvi uyu nevanhu vose vemuhumambo hwake vari kuuraya zvichidzika nemuzera, vakakweva ropa rose iri revakafira chitendero, vachauraiwa neMunondo waJesu Kristu paAchauya. "Avo vanotora munondo vachauraiwa nemunondo." Vakatora munondo wedzidziso yechechi uye naantikristu, ndokutema vanamati chaivo, vechokwadi, zvichidzika nemumazera ose, kusvika, zvino, kumamiriyoni. Uye Kristu paanouya neMunondo, nokuti iShoko raKe rinobuda mumuromo maKe, Achauraya muvengi wese ari pamberi paKe. Munozvitenda here? "Kuuraya muvengi."

321 Ngatiendei necheapa kwechinguva, Zvakazarurwa. Tichaona zvino kana ndiri kungozvitaura, kana kuti Shoko rinozvitaura. Zvakazarurwa 19:11.

> *Ipapo ndakaona kudenga kwakazarurwa* (ameni), *ndikaona bhiza jena; naiye akanga agere pamusoro paro* anonzi *Wakatendeka noWazvokwadi,* uye nomukururama *anotonga nokurwa.*
>
> *Meso ake akanga . . .* mi*razvo* ye*moto,* uye *pamusoro wake . . . korona zhinji; . . .*

322 Oo, hama! Munoona, Akatogadzwa korona kare nevatsvene vaKe, munoona.

> . . . uye *akanga ane zita rakanyorwa, risina kuzikanwa nomunhu, asi . . . iye bedzi.*

323 Rangarirai, isu—isu hatikwanise, hatirizive, munoona, kuti chii. "Uye akanga akapfeka . . . " Ngationei.

> Zvino akanga *akapfeka nguo yakanyikwa muropa:* uye *zita rake rinonzi* (kwete "ndi," asi "rinonzi") *Shoko raMwari.*

324 Nokuti, Iye neShoko chinhu chimwe chete. Maona? Zvino cherechedzai, kwete "mazita aKe." Uh-huh! "Zita raKe rinonzi 'Shoko raMwari.'" Rinongoziva Zita rimwe chete; hakuna rimwe zita.

> Zvino *hondo* dzokudenga, dzaive kudenga *dzakamutevera dzakatasva mabhiza machena, dzakafuka mucheka wakanaka, muchena* uye *usina tsvina.* (Ndiko kururama kwevatsvene. Maona?)

325 Zvino tarisai. Jesu akataura kuti chii? "Uyo anotora munondo. . . " Zvakanaka, mutasvi webhiza dzvuku, pano paari kuuya. "Uyo anotora munondo. . . " Unogona kunge wakauraya 68,000,000 vavo, zvichidzika nemumazera aya, kubva kareko; zvichida vanodarika. Asi Jesu akati, "Uyo anotora munondo achaparawo nawo." Tarisai.

> Uye kubva *mumuromo make makabuda munondo unopinza,. . .*

326 VaHebheru, chitsauko 4, yakati, "Shoko raMwari rinopinza kukunda munondo unocheka nekumativi maviri, richicheka kunyangwe kusvika kumwongo webvupa." Zvino iRo, Shoko, rinoitei? "Munzveri wemifungo yemoyo." Ndizvozvo.

> . . .kubva *mumuromo make makabuda* une mativi maviri *unopinza. . .munondo unopinza, kuti arove marudzi nawo:* uye achavatonga *netsvimbo yedare:* uye *anotsika chisviniro* chekutyisa kwe*hasha* dz*aMwari waMasimba ose*.
>
> Zvino *panguo yake napachidya chake pakanga pakanyorwa zita rinoti, MAMBO WA*MAMBO, *NAISHE WAMADZISHE*.

327 Sevanyengeri, vanopikisana neShoko raMwari, uye nekuti vaisabvuma, uye chinhu ichi. . .Satani akaisa, akabatanidza masimba ezvamatongerwe enyika aaive akabata, nemasimba ezvemweya aaive akabata, pamwe chete, ndokugadzira chechi inopinda munyika dzose. Zvino akaisa mamiriyoni nemamiriyoni. . .mushure mekunge asvetuka kubva pabhiza rake jena, achienda pabhiza rake dzvuku, zvino akatora munondo wake ndokubva aenda.

328 Asi Mwari vakati, "NeChinhu chimwe chete chaakatsveyamisa, kana kuti chaakaedza, kubudikidza nedzidziso yenhema; Shoko rimwe chete iroro richasimuka nesimba, richiuya kubva mumiromo yaJesu Kristu, uye richamuuraya, pamwe nezvose zviri pamberi paKe." Ameni.

329 Hecho Chisimbiso Chechipiri. MunoMuda here? Oo, ini zvangu! Iyi iZVANZI NAJEHOVHA. Mwari ngavarumbidzwe! Kana zvimwe zvizaruro zvose izvi, nezviratidzo, nezvose, zvanyatsorova pa—panzvimbo chaipo! Uye vangani vanozviziva? Simudzai ruoko rwenyu. Mazana, munhu wese ari pano, akasimudza maoko avo. Ndizvozvo. Ndizvo zvazvichava Izvi! Rangarirai, ndizvozvo.

> Oo, shamwari, huya kuChitubu chizere neRopa,
> Rakatorwa kubva mutsinga dzaEmanueri,
> Apo vatadzi vakanyudzwa zasi kwemafashamo aya,
> Vanorasikirwa nemadzvanga avo ose emhosva.

330 Huya, tenda kwaAri, kana usati wambodaro. Usaite zvedambe; usadaro, usadaro, kana paine chimwe chinhu muhupenyu hwako, shamwari.

331 Tiri pano. Pane chiri kuda kuitika. Handizivi kuti sei. Handizivi kuti riinhi. Ndinoziva zviri kuzoitika, asi handizivi kuti zvichaitika riinhi. Asi zvinotofanira kudaro, nokuti Vari kuzvizarura iko zvino. Havana chavanoita kunze kwekunge Vazviita kuti zvizivikanwe. Amosi 3. Vanozvizivisa, kutanga. Uye Vakavimbisa kuti zvinhu izvi zvaizouya mumazuva ekupedzisira. Uye zera rechechi yechinomwe, pakupera kwaro, kana mutumwa asvika, ndipo pazvichange zviripo. Zvichazozarurwa, Zvisimbiso izvozvo zvakaparurwa zvichazarurwa, uye heZvinoi izvi. Zvino, zviri muZita raShe. Zvitende, shamwari. Hongu, changamire. Buda muBhabhironi!

332 Ndinoda kutaura chimwe chinhu ndisati ndavhara. Nokuti, ndine. . . Ndiri kungosvika pana nine-thirty. Nguva zvino yabva yatokwana.

333 Billy neni, pataburuka mundege, muIndia, rwendo rwedu rwekupedzisira ikoko. Ndakanga ndakatarisa pa—pabepa ravakaunza, rakanga rakanyorwa neChirungu. Zvino rakati, “Kundengendeka kwenyika kunofanira kunge kwapera; shiri dziri kudzoka.” Zvino rikabva rapa tsananguro yacho. Ivo. . . Pane chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka chakaitika.

334 India haina mafenzi akarukwa sezvatinoita. Vanonhonga matombo, uye vogadzira mafenzi avo. Uye vanovaka dzimba dzavo zhinji nematombo, kungoaisa kumusoro ikoko. Zvino kunodziya ikoko, kumativi ose, oo, chero kupi zvako, potse kwose, muIndia, kunze kwekunge uri kumusoro mumakomo. Uye kwese kudzika nemuCalcutta nezvimwe, vanhu vanongorara mumigwagwa, vachifa nokuda kwenzara, nezvimwe zvakadaro.

335 Zvino, saka, uye vanovaka dzimba dzavo mushongwe, dzeimba yavo. Vanomisikidza fe—fenzi kumusoro uku chaiko, kudivi reimba yavo. Vovaka shongwe yeimba yavo, uye pashongwe ndipo panogona kuva paine tsime ravo. Vakaricherera mombe dzavo nezvimwe, vobva vatenderedza nefenzi yavo.

336 Uye, kamwe-kamwe, chimwe chinhu ndokutanga kuitika. Shiri duku, munoziva, dzinopinda mumatombo iwayo, uye dzinovaka matendere adzo nokurera vana vadzo. Zvino chimwe chinhu ndokutanga kuitika.

337 Mazuva ese, pakunopisa, mombe dzose dzinoungana dzomira mumumvuri wemidhuri iyoyo; kuti dzitonhorerwe.

338 Uye shiri diki dzose dzinogara munzvimbo idzodzo. Zvino, kamwe-kamwe, dzose shiri diki idzodzo, nekuda kwechimwe chikonzero chisingazivikanwe. . . Zvino, munoziva zvatakataura

rimwe zuva pamusoro peshiri diki. Maona? Chimwe chikonzero chisina kuzivikanwa, dzose dzakabhururuka ndokuenda. Zvino dzakabuda kunze, uye hadzina kudzokera kumatendere adzo. Dzakaenda kunze mumunda, ndokugara mumiti, uye chero papi padzaigona kuwana, kana pasi chaipo.

339 Mombe hadzina kuuya. Hwai hadzina kuuya. Dzakagara mumunda chaimo, dzakazendamirana. Ndiyo nzira yakanaka yekuita nayo. Dzaiziva kuti pane chimwe chinhu chaizoitika.

340 Zvino, kamwe-kamwe, kundengendeka kwenyika kwakaitika, uye kukazunguza madziro akakoromoka, mafenzi akakoromoka, nezvimwe zvose.

341 Shiri duku dzakabva dzatanga kudzoka. Hadzina kudzoka kwemazuva 3 kana 4; dzakabva dzatanga kudzoka. Vakati, "Saka, kundengendeka kwenyika kunofanira kunge kwapera zvino; shiri dzava kudzoka."

342 Sei? Hautendi here kuti Mwari vamwe chete vakagona kuita kuti shiri idzodzo nemombe namakwai, mumazuva aNoa, dzipinde muareka, Vachiri Mwari vamwe chete vanogona kudziita kuti dzibhururukire kune chengetedzo? Ndizvozvo here?

343 Zvino regai nditaure chimwe chinhu, hama. Pane chimwe chinhu chiri kuda kuitika. Zvino yose iyi midhuri mikuru, yakare yezvemachechi ichakoromoka, uye vodzokera ikoko chaiko, uye vobvumirana. Nekuti, vachazviita, zvechokwadi sekumira kwandakaita pano. Pane "mufananidzo wechikara ichocho," zvechokwadi sekungomira kwandakaita pano; uye nyika ino yakautora, maererano neShoko raShe. Teererai, pamunonzwa kamanzwiro kadiki kaya, kasinganzwisisike, ibvai pamadziro iwayo. Ibvai ipapo! Munofira imomo. Musazviita! Budai mazviri! Ibvai pane zvinhu zvose izvozvo! Tizirai kune chengetedzo, nokukurumidza kwamungagona nako. Kumbirai tsitsi kuna Mwari.

344 Usangotora, zvimwe zvacho, "Handiti, amai vangu vaive muMethodisti, saka ndinofunga ndichavawo. Baba vangu vaiva muBaptisti; ndichavawo." Usaite izvozvo. Usa—usaite dambe.

345 Handina basa kuti Zvinoita sezviri nyore uye zvakaninipa sei; IShoko raShe. Tizira kuna Jesu Kristu nekukasika kwaungagona nako, uye wogara ipapo kusvikira Mwari vakuzadza neMweya waVo Mutsvene. Nekuti nguva iri kuuya yauchaUvhima, zvino Uchange usisipo. Saka, iva nechokwadi chekuzviita.

Ngatikotamisei misoro yedu, kwechinguvana.

346 Baba veKudenga, oo, ndi—ndinongo, dzimwe nguva, Ishe, mira pano uye—uye ndinodedera. Ndinofunga nezvenguva iya inotyisa iri kuswedera, uye ini . . . Hapana nzira yekuzvimisa. Zvakafanotaurwa kuti ichauya. Uye ndakafunga kuti, "Sei

vanhu vasingauye uye—uye—uye voteerera? Uye havangauyewo here kuzoZvigamuchira?" Asi, chokwadi, ndinoziva kuti—kuti iMi—iMi makati havaizozviita, saka havadaro.

347 Asi kune vamwe vane mazita avo akanyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana. Zvino kana Zvisimbiso izvozvo zvikazarurwa ipapo, vanoona zita ravo ipapo, uye Mweya Mutsvene unotaura kwavari. Vanouya. Haugone kuvarambidza; hapana anogona, hapana. Vari kuuya, zvakadaro, nokuti Muri kuvatungamirira sezvaMakaita shiri diki dziya, nemakwai nemombe. Muri Mwari! Mamwe manzwiro ekufemerwa ane mhuka idzodzo, ekuti dzinoziva kuti dzinofanira kubvapo! Uye kana manzwiro ekufemerwa, kumhuka, achigona kuiyambira kuti itize njodzi, Mweya Mutsvene unofanira kuitei kuChechi inoti yakazadzwa naWo!

348 Mwari, ivaiwo netsitsi kwatiri. Tiregerereiwo tose, Ishe, pakukundika kwedu. Hatidi kuti timire pano papurupiti ino uye torega vanhu ava vachimira pamadziro, uye makumbo avo achirwadza, zvino vobva vangoenda uye voti, "Zvakanaka, zvinonzwika sezvakanaka kwazvo." Ishe, tinoda kuita chimwe chinhu pamusoro pazvo. Isu, tinoda kuti Munzvere mwoyo yedu. Kana pane chero chisina kumira zvakanaka, Ishe, tizivisei zvino. Ndapota musatitendere kuti tisvike panguva iyoyo, mhiri uko, pazvinenge zvisisabatsire. Ndinzverei. Ndiedzei, Ishe.

349 Pano, ndimire pano nenyasha dzaMwari, ndichiona Zvisimbiso zviya zvichizaruka uko, ndouya, ndichiudza vanhu. Apo, Makafanotaura kuti zvaizoitika nenzira iyoyi, mavhiki apfuura. Uye zvino, Baba, heZvinoi izvi, pamberi pedu chaipo.

350 Zvino, Ishe, ndiedzei. Ndinzverei. Ndinzverei, mumoyo mangu. Ishe, hati . . . Isu, isu tinoda kuti Mutarise muhupenyu hwedu. Uye kana paine chimwe chinhu imomo, chisina kunaka, chingochitaurai kwatiri, Ishe. Tinoda kuchigadzirisa, iko zvino; iko zvino, pachiine Chitubu chizere neRopa, pachiine ji—jiki inogona kuchenesa zvivi zvedu pamwe nekusatenda. Tinoda kunyudza mweya yedu zasi imomo; kusatenda kwedu kwose. Mwari, batsirai kusatenda kwedu; kubvisei kwatiri, Ishe.

351 Tinoda kugamuchira nyasha dzokubvutwa. Tinoda kukwanisa, kana Mutinhiro uya usinganzwisisike watinhira kunze uko, uye Chechi yatorwa kumusoro, tinoda kuva takagadzirira kuZvigamuchira. Ishe, zviitei.

352 Tiedzei, Ishe, neShoko reNyu. Regai titarise maRiri.

353 Uye kana tikaona kuti takundikana, kana paine avo vari pano, Ishe, vakabhabhatidzwa nemadunhurirwa, vasingazivi chinhu pamusoro perubhabhatidzo chairwo, rwechokwadi, dai ndatendeka saPauro, paakapfuura nekumhenderekedzo dzekumusoro kweEfeso, zvino akawana vadzidzi vachizhambatata, nekudaidzira, uye vachiva nenguva

yakabwinyiswa, akati kwavari, "Makagamuchira here, zvino, Mweya Mutsvene kubva zvamakatenda?"

Havazive kana waitomboveko.

Akati, "Zvino makabhabhatidzwa sei?"

Zvino vakanga vabhabhatidzwa nemuporofita uya anobwinya, mutsvene, asi vakangobhabhatidzwa pakutendeuka.

354 Ipapo vakabva vabhabhatidzwa zvakare, muZita raJesu Kristu. Zvino Pauro akavaraira kuti vabhabhatidzwe, zvakare.

355 Ishe, muchiedza cheShoko reNyu: ndinoraira munhu wose, asina kubhabhatidzwa muZita raIshe Jesu Kristu, kuti achimbidze kuenda kumvura, nekukurumidza, uchiine mukana. Iwe usina kuzadzwa neMweya Mutsvene, ndinokuraira, nemuZita raIshe Jesu Kristu, wira pasi nemabvi ako, uye usasimuka kusvikira Mweya Mutsvene wakuchenesa zvizere uye wakuzadza nerudo rwaKe pamwe nekunaka, kusvikira mweya wako wanyatsogutsikana muHupo hwaMwari zvekuti chishuwo chako chose ndecheku Vashumira, nokuVafambira, nokushanda pamwe naVo, hupenyu hwako hwose.

356 Zviitei. Ndinonamata kuti Mwari vakupe rairo iyoyo, muZita raJesu Kristu.

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida

UnonyatsoMuda here? Zvino simudza maoko ako mudenga.

Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

357 Kana paine chero hake agere, anonzwa chishuwo chake manheru ano, anonzwa kuti anoda kubhabhatidzwa, kana kuti anoda rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Iwe unoziva chishuwo chako; chazarurwa kwauri, uye unoda kurangarirwa mumunamato. Hapana mumwe wedu anogona kuUpa kwauri. Oo, tinogona kukubhabhatidza. Asi, chinhu chega, hatikwanise kukupa Mweya Mutsvene. Mwari vanoita izvozvo, vega. Asi wanzwa chishuwo chako, chekuti Mwari vari kutaura kumoyo wako, kuti unoUda, uye uchida kuti tikurangarire mumunamato. Ungasimuka here, kuti tikuzive, tizive kuti ndiwe ani? Mwari vakuropafadzei. Chishuwo here? Ishe vakuropafadzei.

358 Ndinofungidzira kuti pane 150, zvichida, vakamira pano. Pamwe zvakada kudaro, dai ndaigona kuona vese. Handizivi zviri mumakamuri, uye nekwakapoteredza kunze, vakasimudza maoko avo, nevakadaro. Asi une chishuwo.

Zvino ngatinamatei.

359 Zvino, imi muri kuona vanhu avo vakamira pamuri. Uye vamire sechapupu, pamberi paKristu, "Ndi—ndi—ndinoKudai, Ishe. NdinoKudai. Ndi—ndinovimba ndiri—ndiri mumwe weavo

vachawana zita rangu manheru ano kuseri kweChisimbiso ichocho mhiri uko, rakaiswa Ipapo kubva pakuvambwa kwenyika. Pane chimwe chinhu chabata mwoyo wangu, uye ndakamira, Ishe. Ndini here? Muri kundidaidza here? Ndinoda kuti Muzarure, kwandiri, zita rangu mhiri Uko. Ndizadzei, uye ndisimbisei maMuri, neMweya Mutsvene." Imi makaiswa chisimbiso kare, ndinoda kuti musimuke. Tendeukirai kwavari, uye moisa maoko enyu pamusoro pavo, kuti muvanamatire. Zvino ivai makaperera zvizere.

360 Baba veKudenga, muZita raIshe Jesu, itai kuti Mweya Mutsvene mukuru ufambe pamusoro peungano ino, semhepo inovhuvhuta, uye udane kumwoyo wose uri pano, Ishe. Zvino tumirai rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, pamusoro pevanhu ava.

Zvino pane mvura yakamirira.

361 "Ipapo Petro achiri kutaura mashoko aya, Mweya Mutsvene wakawira pamusoro peavo vakanzwa Shoko, zvino vose vakazadzwa neMweya Mutsvene."

*Chisimbiso Chechipiri* SHO63-0319
(The Second Seal)
Mharidzo dzakatevedzana dzeChizaruro CheZvisimbiso Zvinomwe
Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chipiri manheru, Kurume 19, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org